

Kredi Alimantè nan **CACFP**



Department
of Health

Child and
Adult Care
Food Program

Remèsiman

An amoni ak lwa federal sou dwa sivil yo ansanm ak règleman epi politik Depatman Agrikilti Etazini an (USDA) sou dwa sivil yo, yo entèdi enstitisyon sa a fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, sèks (tankou idantite seksyèl ak oryantasyon seksyèl), andikap, laj, oswa reprezay oswa vanjans pou aktivite sou dwa sivil ki pase deja.

Yo kapab mete enfòmasyon sou pwogram nan disponib nan lòt lang ki pa Anglè. Moun ki gen andikap ki bezwen yon lòt altènatif kòm mwayen kominikasyon pou yo jwenn enfòmasyon sou pwogram nan (pa egzanp, Bray, gwo lèt, kasèt odyo, Lang siy Ameriken), dwe kontakte ajans lokal oswa Eta a ki ap jere pwogram nan oswa USDA TARGET Center nan (202) 720-2600 (vwa ak TTY) oswa kontakte USDA pa mwayen Sèvis Relè Federal la nan (800) 877-8339.

Pou depoze yon plent kont diskriminasyon nan pwogram nan, Moun ki pote plent lan dwe ranpli yon Fòm AD-3027, Fòm USDA Pou Pote Plent Kont Diskriminasyon, li kapab jwenn anliy sou: <https://www.usda.gov/sites/default/files/documents/ad-3027.pdf>, nan nenpòt biwo USDA, lè li rele (866) 632-9992, oswa lè li ekri yon lèt

voye bay USDA. Nan lèt la dwe gen non, adrès ak nimewo telefòn moun ki pote plent lan, ak yon eksplikasyon alekri ki gen ase detay sou swadizan aksyon diskriminasyon an pou fè Sekretè Adjwen pou Dwa Sivil la (Assistant Secretary for Civil Rights, ASCR) konnen nati ak dat swadizan vyolasyon dwa sivil la. Li dwe soumèt fòm AD-3027 li ranpli a oswa lèt la bay USDA pa:

- (1) lapòs: U.S. Department of Agriculture
Office of the Assistant Secretary for Civil Rights
1400 Independence Avenue, SW
Washington, D.C. 20250-9410; oswa
- (2) faks: (833) 256-1665 oswa (202) 690-7442; oswa
- (3) imèl: program.intake@usda.gov.

Enstitisyon sa a se yon enstitisyon ki bay opòtinite egalego pou tout moun.



| | |
|---|----|
| Objektif Gid sa a | 2 |
| Manje Byen, Jwe Byen | 3 |
| Egzijans ak Rekòmandasyon pou Modèl Repa..... | 4 |
| Etikèt Child Nutrition (CN) | 6 |
| Lèt | 7 |
| Legim/Fwi..... | 12 |
| Manje Angren/Pen..... | 20 |
| Vyann/Ranplasman pou Vyann | 32 |
| Manje Tibebe | 40 |
| Dlo | 48 |
| Apenndis A: Egzanp Meni..... | 49 |
| Apenndis B: Analiz Resèt | 50 |
| Apenndis C: Ranplasman Vyann pou Planifye Meni Vejetaryen | 51 |
| Apenndis D: Prevansyon kont Etoufman..... | 52 |
| Apenndis E: Ranplasman Lèt..... | 53 |
| Apenndis F: Fason pou Idantifye Grenn Konplè yo..... | 54 |
| Endèks | 55 |

Objektif Gid sa a



Kredi Alimantè nan CACFP se yon gid pou ede ou rive wè si yon manje fè pati egzijans Modèl Repa Pwogram Alimantè pou Swen Timoun ak Granmoun nan (Child and Adult Care Food Program, CACFP).

Aliman ki gen kredi yo se aliman yo kapab konte pami aliman ki ranpli kondisyon pou jwenn yon ranbousman pou repa yo. Yo bay kredi pou aliman yo sou baz kondisyon ki vin apre yo:

- eleman nitritif li genyen
- fonksyon aliman an nan yon repa
- egzijans Modèl Alimantè CACFP yo
- estanda ak desizyon sou politik Administrasyon pou Manje ak Medikaman epi Depatman Agrikilti Etazini an

Aliman ki pa gen kredi se aliman yo pa kapab konte pami aliman ki respekte egzijans modèl repa a. Sepandan, aliman sa yo kapab pèmèt repa yo vin gen plis eleman nitritif, epi yo kapab ajoute koulè, gou ak konsistans nan repa yo.

Yo ap bay ranbousman pou yon repa sèlman si li gen aliman ki gen kredi pou chak konpozan obligatwa nan kantite ki site nan Modèl Repa CACFP a.

Gid sa a gen yon seksyon pou chak konpozan nan modèl repa a:

- lèt
- legim/fwi
- manje angren/pen
- vyann/ranplasman pou vyann

Chak seksyon gen repons pou kesyon moun poze souvan yo, ak yon lis aliman ki konte oswa yo poze kesyon souvan sou yo pou konpozan sa a.

Pou ede ou fè chwa ki pi bon pou sante timoun ki sou kont ou an, chak lis konpozan alimantè yo gen twa (3) seksyon:

- Rekòmande – Se chwa alimantè ki bon pou sante, ki respekte egzijans Modèl Repa CACFP yo. Bay aliman sa yo souvan.
- Sa ki Pa Rekòmande men ki Otorize – Se chwa aliman ki pa tèlman bon pou sante, ki respekte egzijans Modèl Repa CACFP yo. Bay aliman sa yo yon lè konsa.
- Sa yo Pa Otorize – Aliman sa yo pa konte pami egzijans Modèl Repa CACFP yo.

Gid sa a pa gen tout aliman ou kapab bay yo. Pou jwenn plis enfòmasyon, gade *Gid Acha Alimantè pou Pwogram Nitrisyon Timoun (Food Buying Guide for Child Nutrition Programs)* Depatman Agrikilti Etazini an. Li disponib sou sit entènèt ki vin apre a: <https://www.fns.usda.gov/tn/food-buying-guide-for-child-nutrition-programs>. Gid sa a ap ede ou deside ki kantite manje pou ou prepare yon fason pou ou respekte egzijans Modèl Repa CACFP yo.

Si ou gen nenpòt kesyon anplis, tanpri rele **1-800-942-3858** oswa ale sou www.health.ny.gov/CACFP.



Manje Byen, Jwe Byen



Manje Byen, Jwe Byen

CACFP ankouraje pwogram sèvis gadri Eta New York yo pou asire yo timoun yo ak granmoun yo Manje Byen epi yo Jwe Byen. Soti nan aliman ak bwason ou chwazi bay yo, rive nan kantite tan ou pèmèt pou aktivite fizik yo, ou gen yon gwo enfluyans sou sante ak byennèt timoun ki sou kont ou yo. Kreye yon kilti sante lè ou amelyore aspè nitritif, lè repa ak anviwònman pou fè aktivite fizik yo, pou timoun ki sou kont ou yo. Amelyore posibilite pou se timoun yo ki ap chwazi manje ki bon pou sante yo epi pou yo chwazi viv yon fason kote yo aktif nan domèn fizik lè ou suiv konsèy ki itil sa yo nan aktivite ou abitye fè pou gadri timoun yo.

Ankouraje yon Anviwònman ki Pozitif nan Lè Repa yo

Yon bagay ki enpòtan nan amelyore sante timoun yo se lè ou ba yo manje ki bon pou sante yo nan yon anviwònman ki agreyab epi ki amizan. Ankouraje tout moun pran manje ki bon pou sante yo.

- Ankouraje timoun yo, men pa fòse yo eseye nouvo manje.
- Kite timoun yo deside ki kantite yo vle manje.
- Otorize timoun yo pou yo pran manje poukont yo si yo kapab.
- Itilize pawòl ki pozitif ak lòt mesaj ki pozitif pou ou ankouraje manje ki bon pou sante yo chak jou.
- Ankouraje granmoun pou yo chita ak timoun yo pandan repa ak kolasyon yo epi pou yo manje epi bwè menm aliman ak bwason ak timoun yo.
- Mete dlo potab disponib ni anndan ni deyò, epi yon fason ki byen vizib nenpòt moman.
- Pa janm itilize manje kòm pinisyon oswa rekonpans.

Ede Timoun yo Pou yo Aktif epi Pou yo Bouje Plis

Peryòd kote yon moun piti, se peryòd ki pi enpòtan pou li devlope kapasite pou li fè mouvman, pou li aprann gen abitud ki bon pou sante li, epi pou li etabli baz ki solid pou sante ak byennèt li pandan tout lavi li. Granmoun ki ap pran swen timoun ki nan laj preskolè yo dwe ankouraje timoun yo vin aktif nan jwe, sa ki mande pou yo fè plizyè kalite aktivite.

- Asire ou nan pwogram klas preskolè yo gen omwen de (2) èdtan jwèt aktif oswa plis, ni anndan ni deyò (omwen inèdtan jwèt estriktire yon granmoun ap dirije ak inèdtan jwèt ki pa estriktire) pou chak jounen konplè yo pase nan gadri a.



- Itilize tan jwèt aktif yo kòm yon rekonpans, men, pa janm itilize yo kòm pinisyon.
- Asire w ou ranfòse pawòl ki pozitif ak lòt mesaj ki pozitif ou di sou aktivite fizik yo chak jou.
- Limite kantite timoun nan laj preskolè yo, pase devan ekran yo pou li pa plis pase 30 minit.

Ankouraje yo Chwazi Aliman ki Bon pou Sante

Aliman ki bon pou sante enpòtan nan tout laj. Avantaj ki gen nan aliman ki bon pou sante yo ap vin pi plis tikras pa tikras, chak fwa yo manje yo.

- Ofri omwen twa (3) fwi ak legim ki gen koulè diferan nan meni chak semèn yo yon fason pou timoun yo manje yon akansyèl ki chaje koulè.
- Sèvi fwi (pa ji) pandan kolasyon yo de (2) fwa oswa plis pa semèn.
- Planifye pou ou bay legim pandan kolasyon yo de (2) fwa oswa plis pa semèn.

Abitid Manje ki Bon pou Sante yo Kòmanse Bonè

Founisè sèvis gadri timoun yo jwe yon wòl enpòtan nan pwoteje, ankouraje epi soutni kesyon bay tete a. Se pou tounen yon Sant Gadri Timoun ki Ankouraje Kesyon Bay Tete a oswa yon Gadri Lajounen Adomisil ki Ankouraje Kesyon Bay Tete a. Kontakte CACFP pou enfòmasyon oswa ale sou sit entènèt nou an nan www.health.ny.gov/CACFP.

Egzijans ak Rekòmandasyon pou Modèl Repa



| Gwoup Aliman | Egzijans | Rekòmandasyon |
|------------------|--|---|
| Lèt | <ul style="list-style-type: none"> • Timoun 1 lane: lèt antye ki pa gen gou ajoute. • Timoun 2-18 lane ak granmoun: lèt ki pa gen anpil grès (1%) ki pa gen gou ajoute oswa lèt san grès (ekreme) ki pa gen gou ajoute. • Lèt ki gen gou ajoute, yo bay timoun 6 lane oswa plis yo ak granmoun yo pa dwe gen grès (ekreme) oswa pa gen anpil grès (1%). • Nan meni an, yo dwe presize ki kalite lèt yo ap sèvi a (sètadi, antye, pa gen anpil grès oswa 1%, ak san grès oswa ekreme) epi si yo gen gou ajoute. | <ul style="list-style-type: none"> • Bay tout patisipan yo lèt ki pa gen gou ajoute. • Si nou bay timoun ki gen 6 lane oswa plis yo, oswa granmoun yo lèt ki gen gou ajoute, verifye Etikèt Enfòmasyon sou Nitrisyon an pou limite kantite sik la a 22 gram oswa mwens pa tas (8 ons). |
| Legim/Fwi | <ul style="list-style-type: none"> • Yo dwe bay timoun ki gen 1 lane oswa plis yo ak granmoun yo yon (1) legim ak fwi, oswa de (2) legim diferan nan repa midi ak soupe yo. • Bay timoun gen 1 lane oswa plis yo ak granmoun yo ji yon fwa sèlman pa jou. • Se ji ki 100% sèlman yo dwe ofri. • Pa bay timoun piti yo ji anvan yo gen 1 lane. • Lè timoun yo devlope ase, yo dwe ba yo yon (1) legim oswa fwi, oswa toude, nan repa yo ak kolasyon yo soti 6 mwa rive nan premye anivèsè nesans yo. | <ul style="list-style-type: none"> • Bay yo diferan kalite legim ak fwi. • Bay yo legim ak fwi pandan kolasyon yo. • Chak semèn, ba yo omwen yon (1) pòsyon legim koulè fonse, wouj ak jòn abriko. • Youn (1) oswa plis pòsyon legim/fwi pa jou dwe gen anpil Vitamin C. • Twa (3) oswa plis pòsyon legim/fwi pa semèn dwe gen anpil Vitamin A. • Twa (3) oswa plis pòsyon legim/fwi pa semèn, yo dwe bagay ki fre. |

Egzijans ak Rekòmandasyon pou Modèl Repa



| Gwoup Aliman | Egzijans | Rekòmandasyon |
|-----------------------------------|---|---|
| Manje Angren/Pen | <ul style="list-style-type: none"> • Omwen yon (1) pòsyon manje angren pa jou dwe rich ak sereyal ki konplè. • Sereyal pou dejene yo pa kapab gen plis pase 6 gram sik pa ons. • Desè ki fèt abaz sereyal yo pa konte pami konpozan manje angren yo. • Yo kapab bay tibebe yo sereyal pou dejene kòm manje angren nan kolasyon yo nan laj 6 mwa rive premye anivèsè nesans yo. | <ul style="list-style-type: none"> • Bay omwen de (2) pòsyon manje angren ki konplè pa jou. • Tout pen ak sereyal yo bay yo dwe se grenn konplè. |
| Vyann/Ranplasman pou Vyann | <ul style="list-style-type: none"> • Yo kapab bay vyann ak ranplasman pou vyann nan plas konpozan angren yo nan dejene maksimòm twa (3) fwa pa semèn. • Yo kapab bay tofou kòm yon ranplasman pou vyann. • Yogout yo kapab senp, gen gou ajoute, dous, oswa pa dous. • Yogout yo pa kapab gen plis pase 23 gram sik pou chak 6 ons. • Yo kapab bay timoun ki gen 6 mwa rive nan premye anivèsè nesans yo, fwomaj, fwomaj kotaj, yogout, ak ze konplè kòm ranplasman pou vyann. • Yo pa otorize aliman abaz fwomaj ak fwomaj pou bere. | <ul style="list-style-type: none"> • Bay vyann ki mèg, nwa, ak legim sèlman. • Ou dwe prepare vyann/ranplasman vyann yo san yo pa ajoute grès. • Limite sou kantite vyann ki transfòme yo (sètadi òtdòg, sosis nan baton, nògèt abaz poul, poul fri, pwason nan baton, sosis Vienna, oswa vyann chakitri) pou pa depase plis pase yon (1) pòsyon pa semèn. • Bay fwomaj ki natirèl sèlman epi chwazi varyete ki pa gen anpil grès oswa ki gen grès redui. |
| Lèt | <ul style="list-style-type: none"> • Ofri timoun yo dlo pou yo bwè pandan tout jounen an epi mete yo disponib pou lè yo mande. • Dlo pa konte kòm yon kopoza. • Ou pa dwe itilize manje ak bwason kòm yon pinisyon oswa rekonpans. • Li entèdi pou ou fri aliman yo anplas. | <ul style="list-style-type: none"> • Ankouraje manman ki chwazi bay tibebe tete yo. Ankouraje manman yo pou yo fè apwovizyonman lèt manman pou timoun piti ki nan gadri lajounen yo. • Ofri manman ki vin nan sant lan oswa nan gadri adomisil lajounen pou bay tete yo yon espas trankil, prive, konfòtab epi ki pwòp. • Itilize aliman sezonnye ak aliman lokal yo. • Limite sou acha aliman ki fri davans yo pou yo pa plis pase yon (1) fwa pa semèn. • Evite bay aliman ki pa gen kredi yo ki se aliman ki chaje ak sik yo ajoute, tankou ganiti sikre yo (pa egzanp, siwo myèl, konfiti, siwo), engredyan yo vann ak yogout (pa egzanp, siwo myèl, sirèt, oswa moso bonbon), epi bwason ki sikre yo (pa egzanp, bwason fwi oswa soda). |

Etikèt Child Nutrition (CN)




Pwogram federal etikèt volontè sa a pou Pwogram Child Nutrition yo pèmèt fabrikan yo make sou etikèt aliman yo, kijan pwodui a kontribye pou egzijans modèl repa yo. Nan pwodui ki kalifye pou etikèt CN yo gen aliman ki se preparasyon komèsyal ki kontribye anpil nan youn oswa plizyè konpozan pou repa yo. Si se kantite ki make sou etikèt la yo sèvi, tout aliman ki nan etikèt CN yo gen kredi.

Fason pou Idantifye yon Etikèt CN

Yon etikèt CN ap toujou gen bagay ki vin apre yo:

- logo CN nan ki gen yon arebò diferan
- otorizasyon USDA/FNS
- mwa ak ane apwobasyon an
- gwosè pòsyon ki obligatwa pou respekte egzijans modèl repa yo.



Pou jwenn yon eksplikasyon detaye sou Etikèt CN yo, ale sou sit entènèt Sèvis Manje ak Nitrisyon an (FNS): <https://www.fns.usda.gov/cn/labeling-program>.





Egzijans pou Lèt

Pou yo bay kredi pou lèt, lèt la dwe pasterize epi li dwe respekte estanda Eta a ak estandan lokal yo pou kesyon lèt likid. Tout lèt yo dwe gen Vitamin A ak Vitamin D nan nivo règleman FDA 21 CFR 131.110 la presize a. Lèt se yon bonjan sous kalsyòm, fosfò, pwoteyin, Vitamin A ak Vitamin D.

Yo pa bay kredi pou lèt lè yo itilize li pou prepare yon seri pwodui tankou sereyal ki cho, soup, poudin oswa lèt aliman.

Si yon timoun pa kapab bwè lèt ki likid, paran oswa responsab legal yo kapab fè yon demann alekri pou jwenn ranplasman lèt. Nan demann alekri a, ou dwe idantifye bezwen medikal oswa lòt bezwen rejim alimantè espesyal ki limite rejim alimantè timoun nan. Ranplasman lèt la dwe gen menm valè nitritif ak lèt la epi li dwe respekte estanda nitritif yo pou li gen anpil kalsyòm, pwoteyin, Vitamin A, Vitamin D ak lòt eleman nitritif nan nivo yo jwenn nan lèt bèf. Gade Apenndis E: Ranplasman Lèt.

Nan dejene oswa kolasyon, ou kapab bay lèt likid kòm bagay pou bwè, nan sereyal oswa toude.

Nan repa midi ak soupe, ou dwe bay lèt likid kòm bagay pou bwè.

Nan kolasyon, si ou bay lèt likid, ou pa kapab konte ji kòm lòt konpozan an. Ou pa kapab bay de (2) bagay pou bwè nan yon sèl kolasyon.

Egzijans Modèl Repa pou Timoun

- Ou dwe bay lèt likid nan dejene, repa midi ak soupe.
- Ou dwe bay timoun ki gen yon (1) lane yo lèt antye.
- Ou dwe bay timoun ki gen 2-18 lane yo lèt ki pa gen grès (ekreme) oswa ki pa gen anpil grès (1%).
- Ou dwe bay timoun ki gen 1-5 lane yo lèt ki pa gen gou ajoute.
- Si ou bay timoun ki gen 6 lane oswa plis yo lèt ki gen gou ajoute, lèt la pa dwe gen grès oswa li dwe gen 1%.
- Nan meni an, ou dwe presize ki kalite lèt ou ap sèvi epi si li gen gou ajoute.



Egzijans Modèl Repa pou Granmoun

- Ou dwe bay lèt ki pa gen grès (ekreme) oswa ki pa gen anpil grès (1%) omwen yon (1) fwa pa jou nan repa oswa kolasyon. Ou kapab bay sis (6) ons (oswa $\frac{3}{4}$ tas) yogout nan plas yon tas lèt nan lòt repa yo. Nan soupe, li pa obligatwa pou ou bay ni lèt ni yogout.
- Yogout la pa kapab gen plis pase 23 gram sik pou chak 6 ons.
- Nou rekòmande lèt ki pa gen gou ajoute. Si ou bay lèt ki gen gou ajoute, li dwe pa gen grès oswa li dwe 1%.
- Nan meni an, ou dwe presize ki kalite lèt ou ap sèvi epi si li gen gou ajoute.



Kesyon ak Repons sou Lèt

K: Èske yo kapab konte lèt yo itilize nan poudin, sòs ak soup yo pami egzijans pou lèt la?

R: Non. Yo pa bay kredi pou lèt yo itilize pou prepare aliman yo.

K: Si yon timoun pa kapab pran lèt, èske mwen mèt ba li lèt soja pito?

R: Wi, ou kapab bay timoun oswa granmoun ki gen bezwen medikal oswa ki ap suiv rejim alimantè espesyal yo lèt soja, depi li gen menm eleman nitritif ak lèt. Ranplasman lèt la dwe respekte estanda yo site nan Apenndis E a, men, li pa oblije pa gen anpil grès oswa pa gen grès ditou lè yo ap bay timoun ki 2 lane oswa plis yo ak granmoun yo. Paran oswa responsab legal yo dwe fè demann alekri pou ranplasman lèt yo (li pa nesèsè pou yo gen deklarasyon medikal). Sepandan, li obligatwa pou gen yon sètifika medikal pou ranplasman lèt ki pa respekte estanda nitritif yo dekri nan Apenndis E a. Li pa obligatwa pou paran oswa responsab legal yo fè demann alekri pou lèt ki pa gen anpil laktoz yo.

K: Èske mwen kapab achte lèt dirèkteman nan yon eksplwatasyon agrikòl?

A: Wi, depi se lèt likid ki pasterize, epi ki respekte estanda sante Eta a ak lokal yo. Epitou, li dwe gen nivo Vitamin A ak vitamin D ki konpatib ak estanda Eta a epi lokal yo.

K: Èske mwen kapab bay lèt ki gen gou ajoute?

R: Wi, men se sèlman granmoun ak timoun ki gen 6 lane oswa plis yo ou dwe bay lèt ki gen gou ajoute epi li pa dwe gen grès (ekreme) oswa li dwe 1%. Si ou bay li, nou rekòmande pou lèt ki gen gou ajoute a gen 22 gram sik oswa pi piti pou chak tas (8 ons).

K: Poukisa yo pa bay kredi pou lèt anpoud ki melanje ak dlo?

R: USDA pèmèt yo itilize lèt anpoud nan sityasyon ijans sèlman lè sant lan pa kapab jwenn yon apwovizyonman lèt likid regilyèman (7 CFR 226.20 (f)).

K: Èske mwen kapab bay esmouti pou respekte konpozan lèt yo?

R: Wi. Yo kapab bay kredi pou lèt yo itilize nan esmouti nan kad egzijans lèt la lè se operatè pwogram nan ki prepare li. Si ou itilize yogout, yo kapab bay kredi pou li kòm yon ranplasman pou vyann (men se pa kòm yon ranplasman lèt). Si ou itilize legim ak fwi, yo ap bay kredi pou yo antanke ji. Tanpri note sa, ou dwe bay timoun ki gen 1 lane oswa plis yo ak granmoun yo sèlman yon (1) pòsyon ji pa jou.

K: Ki kalite lèt mwen dwe itilize lè mwen ap fè esmouti?

R: Kalite lèt ou itilize a dwe gen konpatib avèk gwoup moun ou ap bay li a.

K: Kijan yo konte esmouti yo achte nan magazen yo pami egzijans modèl repa yo?

R: Yo kapab bay kredi pou esmouti yo achte nan magazen yo sèlman antanke ji pami konpozan legim oswa fwi yo. Yo pa kapab konte li pami konpozan lèt yo paske li enposib pou yo detèmine ki kantite lèt yo te itilize.





REKÒMANDE ANTANKE LÈT

| Atik Alimantè | Kòmantè |
|--|--|
| Bè Lèt, Kiltive | Pou granmoun ak timoun ki gen 2 lane oswa plis yo, li pa dwe gen grès (ekreme) oswa gen yon tikras grès (1%). Li dwe kiltive epi li dwe respekte estanda Eta ak lokal yo. Gade: Lèt Kiltive. |
| Esmouti, Ki Prepare Lakay | Yo kapab bay kredi pou lèt pami egzijan lèt la. Kalite lèt yo itilize a dwe konpatib avèk gwoup moun yo ap bay li a. Yo kapab bay kredi pou legim ak fwi yo antanke ji. Yo kapab bay kredi pou yogout antanke ranplasman pou vyann. Yo pa kapab bay kredi pou grenn yo. Yo kapab bay kredi pou esmouti yo achte nan magazen yo sèlman antanke ji pami konpozan ki nan legim ak fwi yo. |
| Lèt Antye | Obligatwa pou timoun ki gen 12 a 24 mwa. Yo pa bay kredi pou li pou granmoun ak timoun ki gen 2 lane oswa plis yo. Gade: Lèt, Likid. |
| Lèt ki gen Asid | Pou granmoun ak timoun ki gen 2 lane epi ki pi gran yo, li pa dwe gen grès (ekreme) oswa gen yon tikras grès (1%). Pou fè lèt ki gen asid la, yo itilize yon ajan ki gen asid pou fè lèt la vin si. Pa egzanp: lèt kefir ki gen asid ak lèt acidophilus ki gen asid. |
| Lèt ki Gen Laktoz Redui, Lèt ki Pa Gen Laktoz | Yo kapab bay timoun oswa granmoun ki pa kapab dijere laktoz nan lèt la, yon lèt ki gen laktoz redui oswa yon lèt ki pa gen laktoz. Gade: Lèt, Likid. |
| Lèt ki Gen Laktoz Redui, Lèt ki Pa Gen Laktoz | Yo kapab bay timoun oswa granmoun ki pa kapab dijere laktoz nan lèt la, yon lèt ki gen laktoz redui oswa yon lèt ki pa gen laktoz. Gade: Lèt, Likid. |
| Lèt ki Gen yon Tikras Grès (1%) | Yo pa bay kredi pou li pou timoun ki gen mwens pase 2 lane. Gade: Lèt, Likid. |
| Lèt ki nan Tanperati ki Wo Anpil (UHT) | Lèt UHT la se lèt pasterize Kategori A yo te chofe nan anviwon 280°F. Gade: Lèt, Likid. |
| Lèt Kiltive. | Pou granmoun ak timoun ki gen 2 lane oswa plis yo, li pa dwe gen grès (ekreme) oswa gen yon tikras grès (1%). Pou pwodui lèt kiltive a, yo ajoute yon seri mikwo-òganis, yo seleksyone, nan lèt likid la nan yon seri kondisyon ki sou kontwòl, pou yo rive jwenn yon pwodui ki gen yon gou epi/oswa yon konsistans byen presi. Pa egzanp: bè lèt ki kiltive, lèt kefir ki kiltive ak lèt acidophilus ki kiltive. |
| Lèt, Likid (Ki pa Gen Gou Ajoute) | Kalite lèt ki obligatwa: <ul style="list-style-type: none"> • 12 a 24 mwa: Antye • 2 lane ak plis: Ki pa gen grès (ekreme) oswa ki gen yon tikras grès (1%) |
| Ranplasman Lèt | Ranplasman lèt la dwe gen menm kantite valè nitritif ak lèt yo epi yo dwe respekte estanda nitritif pou li chaje ak kalsyòm, pwoteyin, Vitamin A, Vitamin D ak lòt eleman nitritif ki gen menm nivo ak sa ki nan lèt bèl la. Paran oswa responsab legal yo dwe fè demann ranplasman lèt yo alekri. |
| Soja oswa Lèt Soja | Gade: Ranplasman Lèt. |



SA KI PA REKÒMANDE MEN KI OTORIZE ANTANKE LÈT

Yo bay kredi pou lis aliman ki anba yo pou granmoun ak timoun ki gen 6 lane oswa plis yo, men yo pa rekòmande yo. Aliman sa yo chaje ak sik yo ajoute.

| Atik Alimantè | Kòmantè |
|--|---|
| Chokola Cho/Kakawo Cho | Gade: Lèt ki Gen Gou Ajoute. |
| Lèt Chokola oswa Lèt Kakawo | Gade: Lèt ki Gen Gou Ajoute. |
| Lèt ki Gen Gou Ajoute | Yo bay kredi pou li pou granmoun ak timoun ki gen 6 lane oswa plis. Li dwe pa fèt ak grès (ekreme) oswa ak yon tikras grès (1%). Limite sou li paske li gen anpil sik. Pou yon pi bon pratik, yo rekòmande pou lèt ki gen gou ajoute a gen 22 gram sik oswa pi piti pou chak tas (8 ons). |
| Lèt yo Ajoute Lèt Poul Ladan li | Gade: Lèt ki Gen Gou Ajoute. |



**SA YO PA OTORIZE ANTANKE LÈT**

Yo pa bay kredi pou lis aliman ki anba a.
Yo pa kapab konte aliman sa yo pami egzijans Modèl Repa CACFP yo.

Fwomaj – Otorize Antanke yon Ranplasman pou Vyann

Half and Half

Krèm

Krèm Anglèz (Custards)

Krèm Glase/Lèt Glase

Krèm Si

Lèt Anpoud ki pa gen grès, Rekonstitiye – Otorize nan Ka Ijans Sèlman avèk Apwobasyon USDA

Lèt Diri

Lèt Evapore

Lèt Imitasyon

Lèt Kabrit – Eksepte pou Kesyon Medikal Sèlman

Lèt ki Gen Grès Redui (2%) – Eksepsyon Medikal Sèlman

Lèt Kokoye

Lèt Kri ki Sètifye

Lèt Zanmann

Poudin

Poudin Pòp (Pudding Pops)

Sòbe

Sòs abaz Krèm

Soup abaz Krèm

Yogout – Otorize Antanke yon Ranplasman pou Vyann; Yo Kapab Konte li Kòm Lèt pou Granmoun Sèlman

Yogout Konjele



Egzijans Anrapò ak Legim ak Fwi

Modèl Repa CACFP la egzije pou yo bay legim ak/oswa fwi nan dejene, manje midi ak soupe. Ou kapab bay legim ak fwi tou kòm konpozan nan kolasyon yo. Yo separe konpozan ki nan legim ak fwi melanje yo an de (2) gwoup pou repa midi, soupe ak kolasyon. Gade Modèl Repa CACFP la konsènan egzijans gwochè pòsyon yo.

- Dejene yo dwe gen yon (1) pòsyon legim oswa fwi oswa toude.
- Repa midi ak soupe yo dwe gen yon (1) pòsyon legim ak fwi OSWA de (2) pòsyon legim diferan.
- Nan kolasyon yo, ou dwe bay de (2) konpozan diferan. Lè ou bay yon legim ak fwi, sa konte kòm de (2) konpozan diferan. Sepandan, lè ou bay (2) bagay diferan ki soti nan menm konpozan an, sa pa konte kòm yon kolasyon ki ap jwenn ranbousman. Pa egzanp, tranch pòm ak bout seleri ap konte kòm yon kolasyon ki ap jwenn ranbousman, men ji zoranj ak tranch pòm p ap konte.
- Yo kapab konte tipwa kòm yon legim oswa yon ranplasman pou vyann. Sepandan, yo pa kapab konte yon pòsyon tipwa sèch oswa tipwa kòm yon legim ak yon ranplasman pou vyann nan menm repa a.
- Minimòm montan kredi pou legim ak fwi se $\frac{1}{8}$ tas. Yo pa kapab konte yon ti kantite (mwens pase $\frac{1}{8}$ tas) yo itilize kòm dekorasyon oswa pou mete nan soup, bouyon, sandwich ak salad, pou respekte egzijans legim oswa fwi a.
- Se sèlman yon pòsyon 100% ji yo kapab bay timoun ki gen 1 lane oswa plis yo ak granmoun yo pa jou. Bwason ki gen Vitamin C ki ajoute yo epi ki make 100% Vitamin C sou etikèt la kapab 100% ji oswa yo pa kapab 100% ji.
- Yon kolasyon kapab gen de (2) bwason sèlman (Egzanp: ji ak lèt).
- Yo pa otorize pwodui ki nan bwat konsèv nan kay la akòz kesyon sekirite alimantè.

Rekòmandasyon Anrapò ak Legim ak Fwi

Legim ak fwi se bonjan sous vitamin, mineral ak fib. CACFP rekòmande pou:

- Legim ak fwi yo fre, konjele oswa nan bwat konsèv epi pa ajoute sik, sèl oswa grès lè ou ap prepare yo.
- Bay legim ak fwi nan kolasyon yo.
- Bay omwen yon pòsyon legim koulè fonse, wouj ak jòn abriko chak semèn.
- Youn (1) oswa plis pòsyon legim/fwi pa jou dwe gen anpil Vitamin C.
- Twa (3) oswa plis pòsyon legim/fwi pa semèn dwe gen anpil Vitamin A.
- Twa (3) oswa plis pòsyon legim/fwi pa semèn dwe fre.
- Depi sa posib, bay legim/fwi lokal ak sa ki nan sezon yo.

Lè yo ajoute legim ak fwi nan repa yo se yon bon mwayen pou ogmante gou, ajoute koulè epi bay posibilite pou eseye nouvo aliman. Menmsi yo pa bay kredi pou kantite legim ak fwi ki piti yo (mwens pase $\frac{1}{8}$ tas) pou respekte egzijans modèl repa a, CACFP ankouraje ou pou ou mete plizè kalite legim ak fwi ki diferan depi sa posib:

- Tranch zonyon, bout seleri oswa kawòt nan soup, bouyon oswa ragou
- Pire sitwouy melanje ak yogout
- Moso tomat nan sandwich griye ak fwomaj
- Leti nan sandwich
- Ji sitwon sou pwason oswa salad



Legim/Fwi



Legim ak Fwi Chaje ak Eleman Nitritif ki Enpòtan

Legim ak fwi se bonjan sous vitamin, mineral ak fib.

CACFP rekòmande pou:

- **VITAMIN C** – bay omwen youn nan aliman sa yo chak jou

- **VITAMIN A** – bay omwen youn nan aliman sa yo twa fwa (3) pa semèn
- **FÈ** – bay aliman sa yo souvan
- **CALCIUM** – bay aliman sa yo chak jou

LEGIM

| Atik Alimantè | Vitamin C | Vitamin A | Fè | Kalsyòm |
|----------------------|-----------|-----------|----|---------|
| Aspèj | ● | ● | | |
| Bwokoli | ● | ● | | ● |
| Chou | ● | | | |
| Chou Briksèl | ● | | | |
| Chou Flè | ● | | | |
| Fèy Legim Vèt Fonse: | | | | |
| Bètakad | | ● | ● | |
| Chou Frize | ● | ● | ● | ● |
| Chou Kavalye | ● | ● | ● | ● |
| Fèy Bètrav | | ● | ● | ● |
| Fèy Dandelyon | | | | ● |
| Fèy Navè | ● | ● | ● | |
| Moutad Chinwa | | ● | ● | |
| Zepina | ● | ● | ● | ● |
| Ji Legim | ● | | | |
| Joumou, Ivè | | ● | ● | |
| Kalalou | ● | | | |
| Kawòt | | ● | | |
| Legim Melanje | | ● | | |
| Navè | ● | | | |
| Panè | | | ● | |
| Patat, Dous | ● | ● | | |
| Pòm detè, Blan | ● | | | |
| Pwawwon | ● | | | |
| Sitwouy | | ● | | |
| Tipwa ak Kawòt | | ● | | |
| Tipwa, Vèt | | | ● | |
| Tomat/Ji Tomat | ● | ● | | |

FWI

| Atik Alimantè | Vitamin C | Vitamin A | Fè | Kalsyòm |
|--|-----------|-----------|----|---------|
| Abriko | | ● | | |
| Chadèk/ Ji Chadèk | ● | | | |
| Franbwaz | ● | | | |
| Frèz | ● | | | |
| Fwi Seche (Pòm, Abriko, Dat, Fig, Pèch, Prin oswa Rezen) | | | ● | |
| Mandarin | ● | | | |
| Melon Kantaloup | ● | ● | | |
| Nektarin | | ● | | |
| Prin | | ● | | |
| Prin Seche | | ● | | |
| Zoranj/Ji Zoranj | ● | | | |



Kesyon ak Repons sou Legim ak Fwi

K: Si mwen ofri yon pòsyon legim melanje nan manje midi, èske sa respekte egzijans modèl repa pou bay de (2) legim nan?

R: Non. Yo konte melanj legim, kòktèl fwi, oswa lòt melanj ki sanble ak sa yo kòm yon (1) legim oswa fwi.

K: Èske sòs ki sou pitza a konte kòm yon legim?

R: Non. Pa gen ase sòs nan yon (1) pòsyon pitza pou yo konte li kòm yon legim.

K: Ki fason yo konte pla legim, fwi ak lòt aliman ki melanje yo, tankou ragou vyann bèf oswa chili?

R: Fason yo bay kredi pou pla ki melanje yo varye anpil. Yo kapab konte jiska (3) twa konpozan aliman si resèt la gen ase nan chak engredyan yo pou konsidere yo kòm yon pòsyon. Pa egzanp, yon pòsyon ragou vyann bèf pou yon timoun 3-5 lane dwe gen omwen 1½ ons vyann ak yon ¼ tas legim.

Pou ragou vyann bèf ki nan konsèy oswa ki konjele yo, etikèt la p ap di ki kantite vyann, kawòt oswa pòmètè ki gen nan chak pòsyon. Se poutèt sa, ragou a p ap respekte kritè konpozan legim oswa vyann yo sof si bwat la gen yon etikèt Child Nutrition (CN).

K: Èske yo kapab konte sitwouy ki nan bwat konsèy yo ajoute nan sòs tomat yo kòm konpozan pou legim?

R: Wi, pire legim ak fwi yo kapab kontribye pou respekte egzijans modèl repa a, akondisyon nan pla sa a genyen tou yon kantite legim ak fwi ki nòminal (⅛ cup), yo rekonèt epi yo bay kredi pou yo. Nan egzanp sa a, yo kapab konte sitwouy pami konpozan pou legim yo paske yo rekonèt sòs tomat la.

K: Èske yo bay kredi pou aliman tankou salad chou oswa salad pòmètè?

R: Wi, men se sèlman kantite engredyan legim ak fwi ki reyèl yo, yo kapab konte pami egzijans modèl repa ki fèt ak legim ak fwi a. Yo pa kapab konte lòt engredyan yo tankou mayonèz, pat alimantè oswa nwa nan gwozè pòsyon an.

K: Èske yo bay kredi pou legim ak fwi seche yo?

R: Wi. Gwozè pòsyon pou legim ak fwi seche yo se mwaye sa ki fre oswa sa nan bwat konsèy. Pa egzanp, si se (½) tas fwi ki obligatwa, yo kapab bay ¼ tas rezen. Tanpri sonje sa, gen risk pou fwi seche yo kapab toufe timoun piti yo (Gade: Apenndis D:)

K: Ki fason yo konte fèy legim vèt yo pami konpozan legim yo?

R: Yon tas fèy legim vèt (pa egzanp, leti, zepina kri, elatriye) konte kòm (½) tas legim.



Legim/Fwi



REKÒMANDE ANTANKE LEGIM/FWI

| Atik Alimantè | Kòmantè |
|--|---|
| Ba Ji Fwi ki Konjele | Dwe gen 100% fwi ak/oswa ji fwi. |
| Bè | Men kèk egzanp: mi, mitil, franbwaz oswa frèz. |
| Chatenye Dlo (Water Chest-nuts) | |
| Chou – Alfalfa, Tipwa | Chou yo dwe kuit. Li posib pou moun fè entoksikasyon alimantè si yo manje chou ki pa kuit . |
| Esmouti, Ki Prepare Lakay | Men kèk egzanp: esmouti ki prepare avèk lèt ak/oswa yogout, legim ak/oswa fwi. Ou kapab ajoute manje angren (tankou sereyal, grano-la oswa avwàn) men yo p ap bay kredi pou yo lè ou bay yo nan yon esmouti. Si ou prepare esmouti yo avèk lèt, kalite lèt ou itilize a dwe konpatib avèk direktif CACFP bay pou chak gwoup laj ou pral bay li a. Yo kapab bay kredi pou legim ak fwi yo itilize nan esmouti yo kòm ji. Ou pa dwe bay plis pase yon (1) pòsyon ji pa jou. |
| Fèy Vèt | Men kèk egzanp: bwokoli, chou kavalye, chikore (endiv), eskawòl, chou frize, moutad chinwa, zepina, Bètakad oswa fèy navè. |
| Fwi, Bwat Konsè v nan 100% Ji oswa Dlo | |
| Fwi, Fre | Men kèk egzanp: pòm, abriko, fig bannann mi, bè (tout kalite), klemantin, rezen, chadèk, gwayav, kiwi, kòmkat, mango, melon (tout kalite), zoranj, papay, grenadin, pèch, pwa, kaki, anana, ban-nann planten, grenad, prin, karanbòl oswa mandarin. Li rekòmande pou bay twa (3) oswa plis pòsyon fwi fre pa semèn. |
| Fwi, Konjele, San Dous | |
| Fwi, Seche | Men kèk egzanp: abriko, krannbèri, dat, fig, prin seche oswa rezen. Gwosè pòsyon pou fwi seche a se mwaye sa ki fre oswa nan bwat konsè v. Pa egzanp: pou (1/2) tas legim/fwi ki obligatwa, ou kapab bay 1/4 tas rezen. Li pa rekòmande pou timoun ki poko gen kat (4) lane yo paske gen risk pou yo toufe. |
| Ji Krannbèri Melanje | Yo bay kredi pou ji krannbèri nan yon melanj ak yon lòt ji 100%. Yo pa bay kredi pou kòktèl ji krannbèri. Ou pa dwe bay plis pase yon (1) pòsyon ji pa jou. |
| Ji Legim | Ou pa dwe bay plis pase yon (1) pòsyon ji pa jou. |
| Ji Legim Melanje | Dwe se melanj 100% ji legim. Yo rekòmande sa ki gen yon tikras so-dyòm oswa sa yo pa ajoute sèl. Ou pa dwe bay plis pase yon (1) pòsyon ji pa jou. |
| Ji Melanje | Dwe se melanj 100% legim/ji fwi. Ou pa dwe bay plis pase yon (1) pòsyon ji pa jou. |
| Konpòt Pòm, San Sik | |
| Krèp Pòm detè | |
| Legim, Bwat Konsè v | Yo rekòmande sa ki gen yon tikras sodyòm oswa sa yo pa ajoute sèl. |



REKÒMANDE ANTANKE LEGIM/FWI

| Atik Alimantè | Kòmantè |
|--|---|
| Legim, Fre | Men kèk egzanp: Aticho, zaboka, pous banbou, tipwa (tout kalite), bètrav, chou chinwa (bok choy), bwokoli, chou Briksèl, chou, kawòt, chou flè, seleri, mayi, konkonm, berejenn, fèy legim vèt (tout kalite), jikama, chourav, leti (tout kalite), dyondyon, kalalou, panè, tipwa, pwavwon, pòm detè, sitwouy, radi, ribab, zepina, chou (tout kalite), joumou (tout kalite), patat, tomatiy, tomat, navè, kreson oswa yanm. Yo rekòmande pou ou bay twa (3) oswa plis pòsyon legim fre pa semèn. |
| Legim, Konjele, Senp | Evite bay legim nan bè oswa sòs fwomaj. |
| Omini | 1/4 tas kòm pòsyon = 1/4 tas legim |
| Pat Alimantè, 100% Vejetal oswa Farin Legim | Yo kapab itilize pat alimantè vejetal yo pou ranpli konpozan legim OSWA vyann/ ranplasman pou vyann yo, men pa toude nan menm repa a. Li pa nesèsè pou yo bay pat alimantè vejetal yo ak lòt legim pou yo kapab gen kredi. 1/2 tas pat alimantè ki kuit = 1/2 tas legim. |
| Pat Tomat | Yon kiyè konte kòm 1/4 tas legim. |
| Pòm detè | Men kèk egzanp: patat dous, pòm detè jòn oswa blan. Li rekòmande pou yo swa bouyi, kraze oswa kuit li nan fou. |
| Salad Chou | |
| Salsa, Fre | Ou dwe bay omwen 1/8 tas. |
| Sid Pòm | Li dwe pasterize. Ou pa dwe bay plis pase yon (1) pòsyon ji pa jou. |
| Sòs Espageti | Ou dwe bay omwen 1/8 tas. |
| Sòs Tomat | Ou dwe bay omwen 1/8 tas. |
| Soup, Ki Prepare Lakay | Kalkile kantite legim ki gen nan resèt la pou detèmine si gen ase legim nan soup la. Ou dwe bay 1/8 tas nan chak legim pou yo kapab konte li antanke yon pòsyon. Egzanp: Yon 1/8 tas kawòt pou chak pòsyon, se pa 1/8 tas kawòt, zonyon ak seleri. Pou soup ki fèt ak pwa kase, tipwa oswa lantiy, gade seksyon Vyann/Ranplasman pou Vyann nan. |
| Tipwa, Bwat Konsè v oswa Sèch | Men kèk egzanp: pwa nwa, pwa chich, pwa kanelini, pwa gabanzo, pwa wouj, lantiy, pwa blan, pwa nò, pwa pijon, pwa pinto, pwa soja oswa pwa kase. Yo kapab konte yon pòsyon pwa kòm legim oswa kòm yon ranplasman pou vyann, pa toude. |

Legim/Fwi



SA KI PA REKÒMANDE MEN KI OTORIZE ANTANKE LEGIM/FWI

Yo bay kredi pou lis aliman ki anba a men yo pa rekòmande yo.
Aliman sa yo chaje ak sik yo ajoute ak/oswa grès ak sèl.

| Atik Alimantè | Kòmantè |
|--|--|
| Frit | Limite sou li akòz li gen anpil grès. |
| Fwi Koblè/Fwi Crisps | Limite sou li akòz li gen anpil sik ajoute ladan. Dwe gen omwen 1/8 tas fwi pou chak pòsyon. |
| Fwi, Konjele, Dous | Limite sou li akòz li gen anpil sik ajoute ladan. |
| Fwi, Konsève nan Siwo | Limite sou li akòz li gen anpil sik ajoute ladan. |
| Gerber® Mini Fruits | |
| Gerber® Mini Vegetables | |
| Kokoye – Fre, Konjele, Seche ak Dlo Kokoye ki gen Etikèt Antanke 100% Ji | Kokoye chaje ak grès, sitou grès ki satire. Kokoye sikre epi ki seche yo chaje ak sik yo ajoute tou. Fre/konjele: 1/4 tas kòm pòsyon = 1/4 tas fwi; Seche: 1/4 tas kòm pòsyon = 1/2 tas fwi; 100% ji 1/4 tas = 1/4 tas fwi |
| Po Pòm detè | Limite sou li akòz li gen anpil grès. |
| Pòm detè Rache ki Fri | Limite sou li akòz li gen anpil grès ak sèl. |
| Salsa, Komèsyal | Limite sou li akòz li gen anpil sèl. Ou dwe bay omwen 1/8 tas. |
| Sòs Fwi, Ki Prepare Lakay | Yo bay kredi sèlman pou pòsyon fwi ki nan sòs la. Limite sou li akòz li gen anpil sik ajoute ladan. Dwe gen omwen 1/8 tas fwi pou chak pòsyon. |
| Sòs Krannbèri | Yo bay kredi sèlman pou sòs ki gen bè kraze oswa antye. Limite sou li akòz li gen anpil sik ajoute ladan. |
| Soup, Bwat Konsè, Kondanse (1 Pati Soup pou 1 Pati Dlo) oswa Melanj Dezidrate | Men kèk egzanp: minestwòn, tomat, diri ak tomat, legim, legim ak vyann bèf oswa legim ak vyann poul. Limite sou li akòz li gen anpil sèl. Yo konte pòsyon yon 1 tas ki rekonstitiyè kòm 1/4 tas legim. |
| Soup, Bwat Konsè, Pare pou Sèvi | Men kèk egzanp: minestwòn, tomat, diri ak tomat, legim, legim ak vyann bèf oswa legim ak vyann poul. Limite sou li akòz li gen anpil sèl. Yo konte pòsyon yon 1 tas kòm 1/4 tas legim. |
| Tat Fwi | Limite sou li akòz li gen anpil sik ajoute ladan. Dwe gen omwen 1/8 tas fwi pou chak pòsyon. |
| Tater Tots® | Limite sou li akòz li gen anpil grès ak sèl. |



SA YO PA OTORIZE ANTANKE LEGIM/FWI

Yo pa bay kredi pou lis aliman ki anba a.
Yo pa kapab konte aliman sa yo pami egzijans Modèl Repa CACFP yo.

Benyè ki fèt ak Zonyon

Bonbon Fig

Bwason yo Ajoute Fwi pou ba li Gou – Adès, Bwason Ji (Melanje nan Boutèy, nan Bwat oswa Anpoud)

Fruit Gushers®

Fwi ki Kouvri ak Chokola

Fwi ki Kouvri ak Yogout

Gato, ki Gen Fwi

Jell-O® Salad avèk Fwi oswa Ji

Kètchòp (Sòs Tomat)

Kòktèl Ji Krannbèri

Kolasyon Fwi (roll-ups, wrinkles oswa gummy bears)

Konfiti Pòm

Konfiti, Jele, oswa Konsèy

Kònichon

Kool-Aid®

Krèm Glase, ki Gen Gou Fwi

Legim sou Fòm Sòs Bè oswa Fwomaj

Limonad, Ji Sitwon Vèt

Nekta- Abriko, Pwa oswa Pèch

Oliv

Pen Bannann (Otorize kòm konpozan Manje Angren/Pen) Gade Pen Legim/Fwi nan lis sa a.

Pen oswa Mòfin Legim/Fwi – Pòm, Fig Bannann, Mitil, Kawòt, Stwouy oswa Konkonm

Pesto



SA YO PA OTORIZE ANTANKE LEGIM/FWI

Yo pa bay kredi pou lis aliman ki anba a.
Yo pa kapab konte aliman sa yo pami egzijans Modèl Repa CACFP yo.

Ponch fwi (Melanje nan Boutèy, nan Bwat oswa Anpoud)

Popsicles® oswa Lòt Piwili Konjele ki Gen Gou Fwi

Pop-tart® oswa Lòt Patisri pou Griy Pen ak Fwi

Posole

Siwo, ki Gen Gou Fwi

Sòbè/Sòbè Glase

Sòs Babekyou

Sòs Chili

Sòs Krannbèri, Jele

Soufle, Fwi ak Legim

Soup abaz Krèm

Tat Ranpli Sitwon

Tchips Bannann (Papita)

TChips Mayi

Tchips Pòm detè

V-8 Splash®

Yogout, Fwi – Otorize Kòm yon Ranplasman pou Vyann

Zonyon

Manje Angren/Pen



Egzijans pou Manje Angren/Pen

Modèl Repa CACFP a egzije pou yo bay manje angren ak/oswa pen nan dejene, repa midi ak soupe. Ou kapab bay yon konpozan manje angren/pen tou kòm youn (1) nan de (2) konpozan nan yon kolasyon. Manje angren/pen se bonjan sous vitamin B, mineral ak fib. Gade nan Modèl Repa CACFP la pou gwosè pòsyon yo.

- Tout manje angren/pen yo dwe se grenn konplè oswa ki rich anpil.
- Omwen yon (1) pòsyon manje angren pa jou dwe se grenn konplè ki rich anpil.
 - Aliman ki gen anpil grenn antye yo gen 100% grenn antye, oswa omwen 50% grenn konplè ak grenn ki rete nan aliman yo, rich anpil.
 - Nan meni an, yo dwe presize kilè yo bay aliman ki gen grenn konplè ki rich anpil yo (pa egzanp, pen ble konplè, mòfin anglè ki gen anpil grenn konplè, diri konplè oswa avwàn).
- Yo dwe rekonèt manje angren/pen yo kòm yon pati nan repa a (tankou yon ti pen, espageti, diri, oswa koki tako). Pwodui tankou chapeli yo met nan pen vyann pa kalifye kòm bagay ki respekte egzijans Manje Angren/Pen an.
- Olye ou bay pòsyon manje angren nan dejene, ou kapab bay vyan/ranplasman pou vyann pou pi piti twa (3) fwa pa semèn.
- Sereyal yo pa kapab gen plis pase 6 gram sik pa ons seche (21.2 gram sik pou chak 100 gram).

Desè Abaz Grenn

- Yo pa bay kredi pou desè abaz grenn yo.
- Nan desè abaz grenn yo gen bonbon, tat dous, donèt, ba sereyal, ba pou dejene, ba granola, pen sikre, patisri pou griy pen, gato ak gato chokola.
- Gade Tablo Pa Otorize Antanke Manje Angren/Pen an.

Rekòmandasyon Anrapò ak Manje Angren/Pen

CACFP rekòmande pou tout pen ak sereyal yo bay yo dwe se grenn ki konplè. Ofri opsyon pou gen yon pakèt grenn konplè pou pèmèt timoun yo jwenn posibilite pou yo eseye nouvo aliman.

Itilizasyon Ekivalan an Ons pou Tablo Manje Angren/Pen yo

Manje angren yo se yon pati enpòtan pou repa yo nan Pwogram Manje nan Gadri Timoun ak Granmoun (CACFP). Pou gen asirans timoun yo ak granmoun yo pran ase manje angren nan repa ak kolasyon CACFP yo, yo make kantite ki obligatwa nan modèl repa a sou fòm ekivalan an ons (oz. eq.). Ekivalan an ons yo ap di ou ki kantite manje angren ki gen nan yon pòsyon aliman.

Itilizasyon Tablo Manje Angren/Pen yo:

Kolòn gwosè pòsyon ki nan Tablo Manje Angren/Pen ki Rekòmande oswa ki Pa Rekòmande Men ki Otorize a ap di ou ki kantite manje angren ou bezwen bay pou respekte egzijans modèl repa CACFP la.

Si manje angren ou vle bay la:

- Pi piti pase atik yo site nan Tablo Manje Angren/Pen yo, oswa
- Peze pi piti pase atik yo site nan Tablo Manje Angren/Pen yo, oswa
- Pa nan Tablo Manje Angren/Pen an

Lè sa a, ou ap bezwen itilize yon lòt mwayen pou ou di ki kantite pou ou bay yon fason pou ou respekte egzijans modèl repa CACFP la. Ou kapab:

- Antre enfòmasyon ki nan etikèt Enfòmasyon sou Nitrisyon an nan *Acha Alimantè pou Pwogram Nitrisyon Timoun (FBG)* a Ekspozisyon Yon Gid Zouti pou Sereyal.*
- Itilize *Kaye Egzèsis Analiz Resèt (RAW)** la pou ou detèmine ekivalan ons pou chak pòsyon pou resèt estanda yo.

*Disponib nan <https://foodbuyingguide.fns.usda.gov>.



Manje Angren/Pen



Kesyon ak Repons sou Manje Angren/Pen

K: Kijan pou mwen idantifye aliman ki gen anpil grenn konplè yo?

R: Ou kapab idantifye aliman ki gen anpil grenn konplè yo plizyè fason:

1. Fason ki pi fasil la se li lis engredyan an.
 - Chèche pwodui kote premye engredyan an se yon grenn konplè (tankou ble konplè, farin avwàn oswa diri konplè).
 - Li otorize tou si yo site dlo kòm premye engredyan epi yo site yon grenn konplè kòm dezyèm engredyan.
2. Gade nan lis grenn konplè ki nan Apenndis F la.
3. Epiou, founisè yo kapab chèche youn nan reklamasyon ki vin apre yo konsènan grenn konplè sou etikèt anbalaj yo:
 - “Rejim alimantè ki gen anpil aliman abaz grenn konplè ansanm ak lòt aliman vejetal epi ki pa gen anpil grès, grès ki satire, epi kolestewòl, kapab redui risk pou moun fè kriz kadyak ak kèk kansè.”
 - “Rejim alimantè ki gen anpil aliman abaz grenn konplè ansanm ak lòt aliman vejetal epi ki pa gen anpil grès ki satire ak kolestewòl, kapab ede nou redui risk pou fè kriz kadyak.”
4. Pou aliman yon founisè prepare lakay li yo, yo kapab itilize resèt la pou detèmine si grenn konplè a se prensipal engredyan grenn konplè a.

K: Èske founisè yo kapab chwazi nan ki repa pou yo mete yon grenn konplè?

R: Wi. Founisè yo kapab chwazi nan ki manje (oswa kolasyon) pou yo bay yon aliman ki gen anpil grenn konplè.

K: Èske pwodwi abaz mayi yo se grenn konplè?

R: Pwodwi abaz mayi dwe endike espesyalman semoul mayi konplè oswa farin mayi konplè.

K: Èske yo otorize ba granola ki prepare lakay?

R: Non. Yo pa kapab konte ba granola ki prepare lakay oswa yo achte nan magazen yo pami konpozan manje angren yo paske yo konsidere yo kòm desè abaz grenn.

K: Èske yo konsidere krèp ak gof kòm desè abaz grenn?

R: Non. Yo pa konsidere krèp ak gof kòm desè abaz grenn.

K: Èske yo kapab konte pat pou fri ak chapeli yo mete sou mòso pwason kòm konpozan pou Manje Angren/Pen?

R: Yo kapab konte pat pou fri ak chapeli kòm yon pati nan pla prensipal la. Yo ap bay kredi yo sou baz kantite grenn konplè, son, jèm epi/oswa farin anrichi oswa farin ki gen nan resèt la. Piske li kapab difisil pou yo detèmine kantite pwodui pat pou fri/chapeli yo achte nan magazen, etikèt CN nan egzije pou yo konte sa kòm yon konpozan Manje Angren/Pen.



Manje Angren/Pen



SEREYAL KI PA GEN ANPIL SIK*

Sereyal yo pa kapab gen plis pase 6 gram sik pou chak ons (28 gram). Sereyal ki nan tablo sa a gen 6 gram sik oswa mwens. Epitou, CACFP rekòmande pòsyon sereyal grenn konplè. Sereyal grenn konplè yo make ak yon ✓ nan kolòn *Grenn Konplè* a. Yo bay kredi tou pou Sereyal WIC apwouve nan CACFP.

| Sereyal ki Pa Gen Anpil Sik | Grenn Konplè | Sereyal ki Pa Gen Anpil Sik | Grenn Konplè |
|--|--------------|--|--------------|
| All Bran® Original | ✓ | Kellogg's® Corn Flakes | |
| All-Bran® Complete Wheat Flakes | ✓ | Kellogg's® Mini-Wheats Unfrosted Bite Size | ✓ |
| Cheerios® Multi Grain | ✓ | King Vitaman® | |
| Cheerios® Original | ✓ | Kix® | ✓ |
| Chex® Corn | ✓ | Kix® Honey | ✓ |
| Chex® Rice | ✓ | Life® | ✓ |
| Chex® Wheat | ✓ | Malt-O-Meal® Creamy Hot Wheat | |
| Cream of Rice® | | Malt-O-Meal® Crispy Rice | |
| Cream of Wheat® Healthy Grain Original | ✓ | Malt-O-Meal® Honey and Oat Blenders | |
| Cream of Wheat® Original | | Malt-O-Meal® Honey and Oat Blenders with Almonds | |
| Cream of Wheat® Whole Grain | ✓ | Malt-O-Meal® Original Hot Cereal | |
| Crispix® | | Post® Bran Flakes | ✓ |
| Fiber One® | ✓ | Post® Shredded Wheat Original | ✓ |
| Fiber One® Honey Clusters | ✓ | Post® Shredded Wheat Spoon Size Original | ✓ |
| GOLEAN® Original | | Post® Shredded Wheat Spoon Size Wheat 'n Bran | ✓ |
| Grape-Nuts® | ✓ | Product 19® | |
| Grape-Nuts® Flakes | ✓ | Quaker® Instant Oatmeal, Original | ✓ |
| Heart to Heart® Honey Toasted Oat | ✓ | Quaker® Old Fashioned Quaker Oats | ✓ |
| Heart to Heart® Warm Cinnamon Oat | ✓ | Quaker® Puffed Rice | |
| Honey Bunches of Oats® Honey Roasted | | Quaker® Puffed Wheat | |
| Honey Bunches of Oats® with Almonds | | Quaker® Quick Oats | ✓ |
| Honey Bunches of Oats® with Cinnamon Bunches | | Quaker® Whole Hearts Original | ✓ |
| Honey Bunches of Oats® with Pecan Bunches | | Rice Krispies® | |
| Kashi® 7 Whole Grain Flakes | ✓ | Rice Krispies® Gluten Free | ✓ |
| Kashi® 7 Whole Grain Honey Puffs | ✓ | Special K® Original | |
| Kashi® 7 Whole Grain Nuggets | ✓ | Special K® Protein Plus | |
| Kashi® 7 Whole Grain Puffs | ✓ | Total® | |
| | | Wheaties® | ✓ |

* Nou jwenn enfòmasyon ki anwo yo sou sit entènèt pwodwi a. Tanpri verifye etikèt nitrisyon ki sou anbalaj la pandan ou ap achte yo.

Manje Angren/Pen



REKÒMANDE ANTANKE MANJE ANGREN/PEN

| Atik Alimantè | Grenn Konplè | Kòmantè | Gwosè Pòsyon 1-5 Lane: Bay omwen ½ oz. eq. 6-18 Lane: Bay omwen 1 oz. eq. |
|--------------------------------------|--------------|--|---|
| Avwàn | ✓ | | 1-5 Lane: 1/4 tas kuit 6-18 Lane: 1/2 tas kuit |
| Bajèl | | Varyete ble konplè se yon grenn konplè. | Omwen 56 gram 1-5 Lane: 1/4 bajèl 6-18 Lane: 1/2 bajèl |
| Bajèl, Mini | | Varyete ble konplè se yon grenn konplè. | Omwen 28 gram 1-5 Lane: 1/2 bajèl 6-18 Lane: 1 bajèl |
| Bè Ble | | Grenn ble konplè, ki pa transfòme. | |
| Biswit | | | Omwen 28 gram 1-5 Lane: 1/2 biswit 6-18 Lane: 1 biswit |
| Bonbon Sèl | | | Omwen 2" x 2" 1-5 Lane: 4 crackers 6-18 Lane: 8 crackers |
| Boulèt (Dumplings), Ki Prepare Lakay | | Yo kapab bay kredi pou boulèt (dumplings) sou baz kantite grenn konplè oswa farin anrichi ki gen nan resèt la. | |
| Boulogou oswa Ble Konkase | ✓ | Gade: Grenn, Kuit. | |
| Bretzèl, Di, ki Pa Sale, Mini-twists | | Li kapab gen risk pou toufe timoun piti. | Omwen 11/4" x 11/2" 1-5 Lane: 1/3 tas (7 mini-twists) 6-18 Lane: 2/3 tas (14 mini-twists) |
| Bretzèl, Di, ki Pa Sale, Ba-ton | | Li kapab gen risk pou toufe timoun piti. | Omwen 2 1/2" long 1-5 Lane: 16 baton 6-18 Lane: 31 baton |
| Bretzèl, Mou, ki Pa Sale | | | Omwen 56 gram 1-5 Lane: 1/4 bretzèl 6-18 Lane: 1/2 bretzèl |
| Club Crackers® | | | 1-5 Lane: 4 crackers 6-18 Lane: 7 crackers |
| Congee, Senp | | Yo kabap bay kredi sou baz kantite diri ki gen nan yon pòsyon. | |

Manje Angren/Pen



REKÒMANDE ANTANKE MANJE ANGREN/PEN

| Atik Alimantè | Grenn Konplè | Kòmantè | Gwosè Pòsyon 1-5 Lane: Bay omwen ½ oz. eq. 6-18 Lane: Bay omwen 1 oz. eq. |
|---|--------------|---|--|
| Crackers | | Gade: Club Crackers, Goldfish®, Melba Toast®, Oyster Crackers, Ritz® Crackers, RyKrisp®, Bonbon Sèl, Sociables®, Triscuit®, Wasa Crispbread® oswa Wheat Thins®. | |
| Diri Sovaj (Zizanya) | ✓ | Gade: Grenn, Kuit. | |
| Diri, Blan, Konplè oswa Wouj | | Diri konplè ak diri wouj se grenn konplè. Gade: Grenn, Kuit. | |
| Dressings, Kalite Pen, Ki Prepare Lakay | | Gade: Pen Stuffings/Dressings, Ki Prepare Lakay. | |
| Farin Mayi (Corn Meal), Anrichi oswa Grenn Konplè, Kuit | ✓ | Gade: Grenn, Kuit. | |
| Fèy Wonton (Won Ton) | | | |
| Gato Diri | ✓ | Si se diri konplè a ki premye engredyan an, li se grenn konplè. | Omwen 8 gram 1-5 Lane: 11/2 gato 6-18 Lane: 3 gato |
| Gato Diri, Mini | ✓ | Si se diri konplè a ki premye engredyan an, li se grenn konplè. | Omwen 13/4" bout 1-5 Lane: 7 gato 6-18 Lane: 13 gato |
| Gof, Preparasyon komèsyal (Eggo®) | | | Omwen 34 gram 1-5 Lane: 1/2 gof 6-18 Lane: 1 gof |
| Goldfish® | | | Omwen 3/4" x 1/2" 1-5 Lane: 1/4 tas (21 crackers) 6-18 Lane: 1/2 tas (41 crackers) |
| Grenn, Kuit | | | 1-5 Lane: 1/4 tas kuit 6-18 Lane: 1/2 tas kuit |
| Grit, Ki fèt avèk Omini | ✓ | | 1-5 Lane: 1/4 tas kuit 6-18 Lane: 1/2 tas kuit |
| Grit, Mayi, Anrichi oswa Grenn Konplè | | Mayi moulen ki bouyi avèk dlo oswa lèt. | 1-5 Lane: 1/4 tas kuit 6-18 Lane: 1/2 tas kuit |
| Jèm | | | Si yo itilize jèm nan yon resèt: 1-5 Lane: 3 kiyè 6-18 Lane: 1/4 tas |
| Kacha | ✓ | Yo rele li Sarasin tou. Gade: Grenn, Kuit. | |

Manje Angren/Pen



REKÒMANDE ANTANKE MANJE ANGREN/PEN

| Atik Alimantè | Grenn Konplè | Kòmantè | Gwosè Pòsyon 1-5 Lane: Bay omwen ½ oz. eq. 6-18 Lane: Bay omwen 1 oz. eq. |
|--|--------------|---|---|
| Kinowa | ✓ | Gade: Grenn, Kuit. Grenn ki gen anpil pwoteyin epi ki kuit tankou grenn. | |
| Kouskous | | Gade: Grenn, Kuit. | |
| Krèp (Pancakes) | | | Omwen 34 gram 1-5 Lane: 1/2 krèp 6-18 Lane: 1 krèp |
| Krèp, Ki Prepare Lakay | | Yo kapab bay kredi sou baz kantite grenn konplè oswa farin anrichi ki gen nan resèt la. | |
| Labouyi | ✓ | Gade: Awwàn. | |
| Lefse | | Lefse se yon pen san ledven ki fèt sitou ak pòm detè ak farin. Yo kapab bay kredi pou lefse sou baz kantite grenn konplè oswa farin anrichi ki gen nan resèt la. | |
| Lòj | ✓ | Lòj dekòtike se yon grenn konplè. Lòj pèlè pa yon grenn konplè. Gade: Grenn, Kuit. | |
| Makawoni, Tout Fòm | | Varyete ble konplè se yon grenn konplè. Gade: Pat Alimantè, Tout Fòm. | 1-5 Lane: 1/4 tas kuit 6-18 Lane: 1/2 tas kuit |
| Matzo | | | 1-5 Lane: 1/2 gwo 6-18 Lane: 1 gwo |
| Mayi Masa, Masa Harina, Farin Mayi, ak Semoul Mayi | ✓ | Li pa nesèsè pou bay dokiman anplis pou engredyan ki gen etikèt kòm mayi masa oswa masa harina yo, pou yo konte yo pami egzijans grenn konplè ki rich yo (WGR). Sepandan, gen kèk pwodui yo fè avèk farin mayi oswa semoul mayi ki kapab mande pou yo bay yon deklarasyon fòmil pwodui (PFS) pou yo konte li pami egzijans WGR la. | |

Manje Angren/Pen



REKÒMANDE ANTANKE MANJE ANGREN/PEN

| Atik Alimantè | Grenn Konplè | Kòmantè | Gwosè Pòsyon 1-5 Lane: Bay omwen ½ oz. eq. 6-18 Lane: Bay omwen 1 oz. eq. |
|---|--------------|--|--|
| Mòfin Anglè | | | Omwen 56 gram 1-5 Lane: 1/4 Mòfin Anglè 6-18 Lane: 1/2 Mòfin Anglè |
| Mòfin Mayi | | | Omwen 34 gram 1-5 Lane: 1/2 mòfin 6-18 Lane: 1 mòfin |
| Nouy | | Gade: Pat Alimantè, Tout Fòm. | |
| Oyster Crackers | | | 1-5 Lane: 1/4 tas 6-18 Lane: 1/2 tas |
| Pat Alimantè, Tout Fòm | | Varyete ble konplè se yon grenn konplè. | 1-5 Lane: 1/4 tas 6-18 Lane: 1/2 tas |
| Pat Pitza | | | |
| Pen Bagèt | | | Omwen 7 pou3/4 1-5 Lane: 2 bagèt 6-18 Lane: 3 bagèt |
| Pen Fransè | | Gade: Pen. | |
| Pen Italyen | | Gade: Pen. | |
| Pen Mayi | | | Omwen 2 x 21/2 pou 1-5 Lane: 1/2 mòso 6-18 Lane: 1 mòso |
| Pen Pèdi, Ki Prepare Lakay | | Gade: Pen. | |
| Pen Pita | | Varyete ble konplè se yon grenn konplè. | Omwen 56 gram 1-5 Lane: 1/4 pen pita 6-18 Lane: 1/2 pen pita |
| Pen Pumpernickel | ✓ | Gade: Pen. | |
| Pen Rezen | | Gade: Pen. | |
| Pen Stuffings/Dressings, Ki Prepare Lakay | | Yo kapab bay kredi pou stuffings yo prepare lakay sou baz kantite grenn konplè oswa pen anrichi ki gen nan resèt la. | |

Manje Angren/Pen



REKÒMANDE ANTANKE MANJE ANGREN/PEN

| Atik Alimantè | Grenn Konplè | Kòmantè | Gwosè Pòsyon 1-5 Lane: Bay omwen ½ oz. eq. 6-18 Lane: Bay omwen 1 oz. eq. |
|------------------------------------|--------------|--|---|
| Pen, Anrichi | | Men kèk egzanp: Franse, Italyen, pòm detè, rezen oswa blan. | Omwen 28 gram 1-5 Lane: 1/2 tranch 6-18 Lane: 1 tranch |
| Pen, Grenn Konplè | ✓ | Men kèk egzanp: plizyè grenn, pumpnickel, sèg, oswa ble konplè. | Omwen 28 gram 1-5 Lane: 1/2 tranch 6-18 Lane: 1 tranch |
| Pitimi | ✓ | Yon seri ti grenn won ki gen gou nwa. Gade: Grenn, Kuit. Grenn ki gen anpil pwoteyin epi ki kuit tankou grenn. | |
| Po Woulo Enperyal (Egg Roll Skins) | | | |
| Polenta, Anrichi oswa Grenn Konplè | | Farin mayi ki bouyi. Yo kapab manje li tou cho oswa frèt epi yo kapab fè li tounen pen, apres a yo kuit li nan fou, yo griye li oswa fri li. | |
| Pòpkòn, Senp epi Nan Lè Lib | ✓ | Li pa rekòmande pou timoun ki poko gen kat (4) lane akòz gen risk pou yo toufe. | 1-5 Lane: 1 1/2 tas 6-18 Lane: 3 tas |
| Popovers, Ki Prepare Lakay | | Yo kapab bay kredi sou baz kantite grenn konplè oswa farin anrichi ki gen nan resèt la. | |
| Ravyoli | | Gade: Pat Alimantè, Tout Fòm. Yo bay kredi sèlman pou pòsyon pat alimantè a. | |
| Ritz® Crackers | | | 1-5 Lane: 4 crackers 6-18 Lane: 7 crackers |
| RyKrisp® | ✓ | | 1-5 Lane: 5 crackers 6-18 Lane: 10 crackers |
| Sereyal, Kuit | | | 1-5 Lane: 1/4 tas kuit 6-18 Lane: 1/2 tas kuit |

Manje Angren/Pen



REKÒMANDE ANTANKE MANJE ANGREN/PEN

| Atik Alimantè | Grenn Konplè | Kòmantè | Gwosè Pòsyon 1-5 Lane: Bay omwen ½ oz. eq. 6-18 Lane: Bay omwen 1 oz. eq. |
|---|--------------|---|--|
| Sereyal, seche, Pare pou Manje, Mwens Pase 6 gram Sik pou Chak Pòsyon | | | Flok onswa won 1-5 Lane: 1/2 tas 6-18 Lane: 1 tas Sereyal gonfle 1-5 Lane: 3/4 tas 6-18 Lane: 1 tas 1/4 Granola 1-5 Lane: 1/8 tas 6-18 Lane: 1/4 tas |
| Sociables® | | | 1-5 Lane: 4 crackers 6-18 Lane: 8 crackers |
| Son | | Men kèk egzanzp: son avwàn oswa son ble. | Si yo itilize son nan yon resèt: 1-5 Lane: 3 kiyè 6-18 Lane: 1/4 tas |
| Stuffings, Pen, Ki Prepare Lakay | | Gade: Pen Stuffings/ Dressings, Ki Prepare Lakay. | |
| Ti Pen, Anmbègè ak Ôtdòg | | | Omwen 28 gram 1-5 Lane: 1/2 ti pen 6-18 Lane: 1 ti pen |
| Ti Pen, Tout Kalite | | | Omwen 28 gram 1-5 Lane: 1/2 ti pen 6-18 Lane: 1 ti pen |
| Toasts Melba | | | Omwen 3 1/2" x 1 1/2" 1-5 Lane: 2 mòso 6-18 Lane: 5 mòso |
| Tòtiya, Mayi oswa Farin | | Si se ble konplè oswa mayi konplè ki premye engredyan an, li se grenn konplè. | Tòtiya, Mou, Mayi (~5 1/2") 1-5 Lane: 3/4 tòtiya 6-18 Lane: 1 tòtiya 1/4 Tòtiya, Mou, Mayi (~6") 1-5 Lane: 1/2 tòtiya 6-18 Lane: 1 tòtiya Tòtiya, Mou, Mayi (~8") 1-5 Lane: 1/4 tòtiya 6-18 Lane: 1/2 tòtiya |
| Triscuit® | ✓ | | Omwen 1 1/2" x 1 1/2" 1-5 Lane: 3 crackers 6-18 Lane: 5 crackers |
| Wasa Crispbread® | ✓ | | 1-5 Lane: 1 gwo 6-18 Lane: 2 gwo |
| Wheat Thins® | ✓ | | Omwen 1 1/4" x 1 1/4" 1-5 Lane: 6 crackers 6-18 Lane: 12 crackers |

Manje Angren/Pen



SA KI PA REKÒMANDE MEN KI OTORIZE ANTANKE MANJE ANGREN/PEN

Yo bay kredi pou lis aliman ki anba a men yo pa rekòmande yo.
Aliman sa yo chaje ak grès, sèl ak/oswa sik.

| Atik Alimantè | Kòmantè | Gwosè Pòsyon 1-5 Lane: Bay omwen ½ oz. eq. 6-18 Lane: Bay omwen 1 oz. eq. |
|-------------------------------|---|---|
| Bagèt Pen Pèdi | | Omwen 18 gram 1-5 Lane: 2 bagèt 6-18 Lane: 4 bagèt |
| Cheez-It®/Cheese Nips® | | Omwen 1" x 1" kare 1-5 Lane: 10 crackers 6-18 Lane: 20 crackers |
| Crackers | Gade: Crackers ki gen Fòm Animal, Cheez-It®/Cheese Nips® oswa Graham Crackers. | |
| Crackers ki gen Fòm Animal | | Omwen 1 1/2" x 1" 1-5 Lane: 8 crackers 6-18 Lane: 15 crackers |
| Graham Crackers | | Omwen 5" x 2 1/2" 1-5 Lane: 1 cracker 6-18 Lane: 2 crackers |
| Hushpuppies, Ki Prepare Lakay | Yo kapab bay kredi sou baz kantite grenn konplè oswa farin anrichi ki gen nan resèt la. | |
| Kokiy Taco oswa Tostada, Di | | Omwen 14 gram 1-5 Lane: 1 kokiy 6-18 Lane: 2 kokiy |
| Kwasan | | Omwen 34 gram 1-5 Lane: 1/2 kwasan 6-18 Lane: 1 kwasan |
| Kwouton | | 1-5 Lane: 1/4 tas 6-18 Lane: 1/2 tas |
| Melanj Kolasyon | Yo kapab bay kredi sou baz kantite sereyal seche oswa grenn ki gen nan yon pòsyon. Li kapab chaje ak sèl ansanm ak sik yo ajoute. | |
| Melanj Sereyal | Yo kapab bay kredi sou baz kantite sereyal seche oswa grenn ki gen nan yon pòsyon. Li kapab chaje ak sèl. | |
| Mòfin, Tout Kalite | | Omwen 55 gram 1-5 Lane: 1/2 mòfin 6-18 Lane: 1 mòfin |
| Nouy Chow Mein | | 1-5 Lane: 1/4 tas 6-18 Lane: 1/2 tas |
| Pat Feyte | | |
| Pat Mayi pou Fri Sosis | Gade: Tip Pat pou Fri pou Tranpe. | |

Manje Angren/Pen



SA KI PA REKÒMANDE MEN KI OTORIZE ANTANKE MANJE ANGREN/PEN

Yo bay kredi pou lis aliman ki anba a men yo pa rekòmande yo.
Aliman sa yo chaje ak grès, sèl ak/oswa sik.

| Atik Alimantè | Kòmantè | Gwosè Pòsyon 1-5 Lane: Bay omwen ½ oz. eq. 6-18 Lane: Bay omwen 1 oz. eq. |
|---|--|---|
| Pat pou Tat, Tat Vyann/ Ranplasman Vyann | | 1-5 Lane: 1/24 nan yon tat 9 pous ki gen yon sèl pat 6-18 Lane: 1/12 nan yon tat 9 pous ki gen yon sèl pat |
| Pen Bannann | Gade: Pen Rapid. | |
| Pen Fri, Senp, Ki pa Gen Sik | Yo kapab bay kredi sou baz kantite grenn konplè oswa farin anrichi ki gen nan resèt la. | |
| Pen Joumou | Gade: Pen Rapid. | |
| Pen Kawòt | Gade: Pen Rapid. | |
| Pen Konkonm | Gade: Pen Rapid. | |
| Pen Konplè Boston | Gade: Pen Rapid. | |
| Pen Rapid | | Omwen 55 gram 1-5 Lane: 1/2 tranch 6-18 Lane: 1 tranch |
| Pen Scones, Savory | | Omwen 4 ons 1-5 Lane: 1/4 gwo 6-18 Lane: 1/2 gwo |
| Pen Sitwouy | Gade: Pen Rapid. | |
| Pòpkòn, avèk Ganiti yo Ajoute ki Bay Grès, Sèl oswa Sik | Grenn Konplè. Li pa rekòmande pou timoun ki poko gen kat (4) lane akòz gen risk pou yo toufe. | 1-5 Lane: 1 1/2 tas 6-18 Lane: 3 tas |
| Teddy Grahams® | | Omwen 1" x 1/2" 1-5 Lane: 1/4 tas (12 crackers) 6-18 Lane: 1/2 tas (24 crackers) |
| Tip Pat pou Fri pou Tranpe | Yo kapab bay pat pou fri ak pane kòm pla prensipal nan yon repa. Yo kapab bay kredi sou baz kantite grenn konplè oswa farin anrichi ki gen nan resèt la. | |
| Tip Pen pou Vlope | Gade: Tip Pat pou Fri pou Tranpe. | |

Manje Angren/Pen



SA YO PA OTORIZE ANTANKE MANJE ANGREN/PEN

Yo pa bay kredi pou lis aliman ki anba a.
Yo pa kapab konte aliman sa yo pami egzijans Modèl Repa CACFP yo.

| | |
|---|--|
| Avwàn, Gou Enstantane | Pat pou Tat, Desè ak Tat Fwi |
| Ba abaz Grenn Fwi | Patisri pou Griy Pen |
| Ba Granola | Patisri, San Ganiti oswa Ak Ganiti |
| Ba Sereyal Diri, Ki Prepare Lakay | Pen Epis (Gingersnaps) |
| Ba Sereyal ki gen Gou Fwi | Pen Jenjanm |
| Biswit abaz Arrowroot | Pen Scones, Dous |
| Bonbon ki fèt ak Nwa, Rezen, Mòso Chokola oswa Fwi | Pòm detè (Yo Bay Kredi pou li Antanke yon Legim) |
| Bonbon Rezen ak Avwàn | Pòm detè Rache (Shoe-string Potatoes) |
| Bonbon, Senp | Ponmkèt, San Ganiti oswa Ak Ganiti |
| Chips Ahoy® | Pop Tarts® |
| Choson (Turnovers), Dous | Poudin Diri |
| Donèt | Pouding abaz Pen |
| Farin Nwa oswa Grenn | Sereyal, Seche, Pare pou Manje, Plis Pase 6 Gram Sik Pou Chak Pòsyon |
| Fig Newtons | Soufle abaz Fwomaj (Cheetos®, Cheez Doodles®) |
| Gato Chokola, Senp, Jivre oswa avèk Ganiti Tankou Fwomaj ak krèm oswa Nwa | Sun Chips® |
| Gato Kafè, Ki Prepare Lakay oswa Preparasyon Komèsyal | Tchips |
| Gato Pòpkòn | Tchips Bajèl |
| Gato, San Ganiti oswa Ak Ganiti | Tchips Bretzèl |
| Gof pou Sandwich Krèm Glase | Tchips Mayi (Doritos®, Fritos®, Tostitos®) |
| Kanèlboul (Cinnamon Rolls) | Tchips Pita |
| Kare Rice Krispies (Rice Krispies Treats) | Tchips Pòm detè |
| Kat-Kat (Pound Cakes) | Tchips Tako |
| Koki Krèm Soufe | Tchips Tòtiya, Mayi, oswa Ble (Doritos®, Fritos®, Sun Chips®, Tostitos®) |
| Kònè Krèm Glase | Teddy Soft Bakes |
| Krèp Pòm detè (Yo Kapab Bay Kredi pou li Antanke yon Legim) | Ti Pen Dous |
| Lanmidon Mayi | Ti Pen Kole |
| Lorna Doone® | Vyenwazri Danwa (Danish Pastries) |
| Mayi (Yo Bay Kredi pou li Antanke yon Legim) | |
| Nachos | |
| Nilla Wafers | |

Vyann/Ranplasman pou Vyann



Egzijans pou Vyann/Ranplasman pou Vyann

Modèl Repa CACFP la egzije pou yo bay vyann oswa ranplasman pou vyann nan repa midi ak soupe. Yo kapab bay vyann/ranplasman pou vyann kòm youn nan de (2) konpozan yo nan yon kolasyon tou. Epitou, yo kapab bay vyann/ranplasman pou vyann nan plas manje angren nan dejene maksimòm twa (3) fwa pa semèn. Gade Modèl Repa CACFP la pou egzijans gwosè pòsyon yo.

- Vyann gen ladan li vyann wouj ki mèg, bèt volay oswa pwason ajans Federal oswa Eta ki apwopriye a te enspekte epi apwouve. Vyann se bonjan sous gwo kalite pwoteyin, fè, ak zenk. Men kèk egzanp ranplasman pou vyann yo bay kredi pou yo: fwomaj, yogout, fwomaj kotaj, ze, tofou preparasyon komèsyal, pwa sèch ki kuit, nwa ak grenn ansanm ak manba yo (eksepsyon pou mayi, chatenye oswa kokoye).
- Yo pa kapab bay kredi pou tofou yo mete nan bwason (tankou esmouti), oswa ajoute nan pla pou amelyore konsistans (tankou desè ki kuit nan fou), pami egzijans modèl repa a.
- Yogout la kapab senp, li kapab gen gou ki ajoute, li kapab dous oswa san sik; men, li pa kapab gen plis pase 23 gram sik pou 6 ons. Yogout se yon bon sous pwoteyin ak kalsyòm.
- Men kèk egzanp legim: pwa nwa, pwa chich, pwa wouj, oswa pwa pinto, epi yo kapab konte yo kòm yon ranplasman pou vyann. Bagay sa yo se bonjan sous pwoteyin, fib pou rejim alimantè, fè epi yo pa gen kolestewòl.
- Nwa yo ak grenn yo kapab ranpli plis pase mwatye nan egzijans ranplasman pou vyann nan pou repa midi ak soupe. Nwa yo ak grenn yo kapab ranpli tout egzijans ranplasman vyann nan pou kolasyon yo.
- Yon engredyan nan meni an dwe gen pou pitit ¼ ons vyann mèg ki kuit, oswa ekivalan an pou respekte nenpòt pati nan egzijans vyann/ranplasman pou vyann nan.

- Sosis Frankfurters yo, bolonèz yo, knockwurst yo oswa sosis Vyèn yo dwe gen 100% vyann oswa pwodwi pwoteyin ranplasman (APP) kòm sèl pwodwi ki ajoute oswa alonje. Sepandan, piske vyann sa yo gen anpil sèl ak grès, yo pa rekòmande vyann sa yo.
- Yo pa otorize vyann yo transfòmè ak lòt pwodwi tankou farin legim lanmidon, lèt anpoud, lèt ekreme ki pa gen anpil kalsyòm, epi sereyal.
- Yo kapab konte fwomaj natirèl kòm tout pati oswa yon pati nan egzijans ranplasman pou vyann nan.
- Yo pa kapab konte aliman ki gen fwomaj ki gen etikèt 'pwodui abaz fwomaj' oswa 'imitasyon fwomaj' yo kòm ranplasman pou vyann.
- Yo pa kapab konte aliman abaz fwomaj ak fwomaj pou bere yo (Velveeta®, Cheez Whiz® oswa fwomaj pimento) kòm ranplasman pou vyann.

Rekòmandasyon Anrapò ak Vyann/Ranplasman pou Vyann

- Vyann yo (poul, kodenn, bèf, kochon, mouton oswa pwason) dwe mèg oswa pa gen anpil grès
- Pwa nan bwat konsèrv yo pa dwe gen grès yo ajoute.
- Ou pa dwe bay plis pase yon (1) pòsyon vyann ki transfòmè oswa ki gen anpil grès pa semèn. Ladan yo gen òtdòg, nògèt abaz poul, pwason nan baton, poul fri, sosis Vyèn, sosis nan baton oswa asyèt anglèz (cold cuts).
- Bay fwomaj ki natirèl sèlman epi chwazi fwomaj ki gen yon tikras grès oswa ki pa gen anpil grès.
- Si sa nesèsè, ou dwe itilize yon tikras luil pou prepare vyann/ranplasman pou vyann yo.
 - Grès monosatire yo gen yon tikras kolestewòl. Men kèk bonjan sous: luil doliv, luil kanola ak luil pistach.
 - Grès polisatire yo amelyore grès nan san. Men kèk bonjan sous: luil tounesòl, luil katam (safflower), ak luil vejetal.
 - Grès satire yo ak grès trans yo ogmante kolestewòl. Limite sou magarin, mantèg, grès bèt ak bè.

Vyann/Ranplasman pou Vyann



Vyann/Ranplasman pou Vyann yo gen Anpil Eleman Nitritif Enpòtan

Vyann/Ranplasman pou Vyann yo se bonjan sous fè ak kalsyòm.

VYANN/RANPLASMAN POU VYANN

| Atik Alimantè | Fè | Kalsyòm |
|-------------------|----|---------|
| Grenn Tounesòl | | ● |
| Kodenn | ● | |
| Kristase | ● | |
| Manba Pistach | ● | |
| Nwa Brezil | | ● |
| Pwa Sèch ak Tipwa | ● | |
| Tofou | ● | ● |
| Ton (Pwason) | ● | |
| Vyann | ● | |
| Zanmann | | ● |
| Ze | ● | |





Kesyon ak Repons sou Vyann/Ranplasman pou Vyann

K: Èske yo kapab bay kredi pou pitza kòm yon ranplasman pou vyann?

R: Wi, si li gen etikèt CN. Yo bay kredi pou tout aliman ki gen etikèt CN yo. Si yo prepare li lakay, li dwe gen kantite yo egzije pou vyann/ranplasman pou vyann nan pou chak pòsyon pou li jwenn kredi.

K: Nou gen timoun ki pa kapab manje kèk vyann akòz rezon relijye. Kijan pou nou fè reklamasyon pou timoun sa yo nan pwogram alimantè a?

R: Ba yo yon ranplasman vyann ki gen kredi. Gade: Èske nou kapab bay repa vejetaryen?

K: Èske yo bay kredi pou fwomaj Ameriken?

R: Sèlman si etikèt la fè konnen se fwomaj fonn ki pasterize. Yo pa bay kredi pou etikèt ki make 'imitasyon fwomaj' oswa 'pwodui fwomaj'.

K: Èske nou kapab bay repa vejetaryen?

R: Wi. Repa yo dwe respekte egzijans Modèl Repa CACFP la. Men kèk egzanp ranplasman pou vyann yo bay kredi pou yo: fwomaj kotaj natirèl epi ki fonn, yogout, ze, tofou, pwa sèch ki kuit, manba ki fèt ak nwa epi grenn oswa nenpòt melanj ki fèt ak bagay ki anwo yo. Gade: Apenndis C.

K: Èske yo bay kredi pou yogout?

R: Wi, yo bay kredi pou yogout antanke yon ranplasman pou vyann. Yogout la kapab senp, li kapab gen gou ajoute, dous oswa pa dous, men, li pa dwe gen plis pase 23 gram sik pou yon pòsyon 6 ons oswa 15.3 gram sik pou yon pòsyon 4 ons. Kat (4) ons yogout ki gen fwi oswa ki pa gen fwi egal yon (1) ons nan ranplasman pou vyann nan. Yo pa kapab bay kredi pou fwi yo mete nan yogout la pami konpozan fwi a.



Vyann/Ranplasman pou Vyann



REKÒMANDE ANTANKE VYANN/RANPLASMAN POU VYANN

| Atik Alimantè | Kòmantè |
|---|--|
| Tipwa, Bwat Konsè v oswa Sèch | Yon pòsyon ki gen ¼ tas egal 1 ons ranplasman pou vyann. Yo konte pwa vèt oswa jòn ki nan bwat konsè v yo kòm yon legim, men, pa kòm yon ranplasman pou vyann. |
| Vyann Bèf, Mèg | Retire grès ki vizib la epi kuit li sou griy olye ou fri li. Chwazi vyann bèf rache ki mèg omwen a 90%. |
| Fwomaj, Ameriken | Yo bay kredi pou li sèlman si etikèt la fè konnen se fwomaj fonn ki pasterize. Yo pa bay kredi pou etikèt ki make 'imitasyon fwomaj' oswa 'pwodui fwomaj'. Yon pòsyon 1 ons fwomaj fonn ki pasterize egal yon pòsyon 1 ons ranplasman pou vyann. |
| Fwomaj, Natirèl, Ki Gen Grès Redui | Men kèk egzanp: Cheddar, Colby, Monterey Jack, Mozzarella, Muenster, Provolone oswa Swiss. Yon pòsyon 1 ons fwomaj natirèl egal yon pòsyon 1 ons ranplasman pou vyann. Limite li ak yon pòsyon pa semèn akòz li chaje ak grès epi sèl. |
| Poul | Kuit vyann poul la sou griy oswa nan fou san po a. Chwazi vyann poul rache ki mèg omwen a 90%. |
| Fwomaj Kotaj, Ki pa Gen Grès oswa ki Gen yon Tikras Grès | Yon pòsyon ki gen ¼ tas egal 1 ons ranplasman pou vyann. |
| Ze | Ze kuit se yon bonjan sous pwoteyin. ½ gwo ze egal 1 ons ranplasman pou vyann. Yo pa otorize ze kri. |
| Pwason | Kuit pwason an sou griy oswa nan fou. |
| Falafel | Yo kapab konte volim pwa oswa lòt ranplasman pou vyann ki gen nan chak pòsyon yo pami egzijans lan. Yon pòsyon ki gen ¼ tas egal 1 ons ranplasman pou vyann. |
| Fwomaj Fèmeye | Gade: Fwomaj Kotaj. |
| Pwason Jelfit, Ki Prepare Lakay | Yo kapab bay kredi pou pwason jelfit sou baz kantite pwason ki gen nan chak pòsyon. |
| Pwason Jelfit, Komèsyal | Piske, an jeneral, pwodui sa a gen 50% pwason, 4 ons pwason jelfit egal 2 ons pwason. |
| Oumous | Yon pat mou ki fèt ak pire pwa gabanzo/pwa chich. Yo kapab konte volim pwa oswa lòt ranplasman pou vyann ki gen nan chak pòsyon yo pami egzijans lan. Yon pòsyon ki gen ¼ tas egal 1 ons ranplasman pou vyann. |
| Mouton | Retire tout grès ki vizib nan mouton an epi kuit li nan fou oswa sou griy. |
| Lantiy | Gade: Tipwa, Bwat Konsè v oswa Sèch. |
| Sòs Vyann, Ki Prepare Lakay | Sa ki prepare lakay. Ou dwe bay gwoès pòsyon vyann ki obligatwa nan chak pòsyon. |
| Nwa | Yo kapab bay kredi pou nwa kòm yon pòsyon ranplasman pou vyann pou kolasyon; epi mwatye pòsyon ranplasman pou vyann nan repa midi oswa soupe. Pa bay timoun ki gen mwens pase 4 lane yo nwa akòz gen risk pou yo toufe. |
| Manba ki Fèt ak Nwa epi Grenn | CACFP rekòmande pou yo bay manba ki fèt ak nwa epi grenn yo melanje avèk lòt vyann/ranplasman pou vyann etandone gwoès pòsyon manba ki fèt ak nwa epi grenn yo poukont yo kapab twòp pou timoun yo. |
| Pat Alimantè, 100% Farin Legim | Yo kapab itilize pat alimantè vejetal yo pou ranpli konpozan legim OSWA vyann/ranplasman pou vyann yo, men pa toude nan menm repa a. Pou yo bay kredi pou li, ou dwe bay li avèk lòt vyann/ranplasman pou vyann yo rekonèt. ¼ tas pat alimantè ki kuit = 1 oz. ranplasman vyann. |
| Manba Pistach | Gade: Manba ki Fèt ak Nwa epi Grenn. |
| Tipwa, Sèch | Gade: Tipwa, Bwat Konsè v oswa Sèch. |
| Vyann Kochon, Mèg | Retire tout grès ki vizib nan kochon an epi kuit li nan fou oswa sou griy. |
| Kich | Yo bay kredi pou pòsyon ze ak fwomaj la kòm ranplasman pou vyann. |

Vyann/Ranplasman pou Vyann



REKÒMANDE ANTANKE VYANN/RANPLASMAN POU VYANN

| Atik Alimantè | Kòmantè |
|---|---|
| Pwa Refried (Refried Beans) | Chwazi pwa refried nan bwat konsè v ki gen yon tikras grès oswa resèt ki prepare lakay ki pa gen anpil grès. Yon pòsyon ¼ tas egal 1 ons ranplasman pou vyann. |
| Fwomaj Ricotta, Ki pa Gen Grès oswa ki Gen Pati Ekreme | Yon pòsyon ki gen ¼ tas egal 1 ons ranplasman pou vyann. |
| Grenn (Seeds) | Gade: Nwa. |
| Fwidmè/Kristase | Yo dwe byen kuit, yo bay kredi sèlman pou pòsyon pwason yo ap manje a. |
| Soup, Pwa | Men kèk egzanp: soup pwa kase, soup pwa blan, oswa soup lantiy. ½ tas konte kòm ¼ tas pwa oswa 1 ons ranplasman pou vyann. |
| Soup, Ki Prepare Lakay | Yo bay kredi pou soup ki gen vyann, pwason, bèt volay oswa lòt ranplasman pou vyann, kòm yon sous vyann/ranplasman pou vyann si yo kapab idantifye kantite minimòm yo egzije nan ¼ ons vyan/ranplasman pou vyann pou chak pòsyon an. |
| Soup, Preparasyon Komèsyal | Men kèk egzanp: pwa, lantiy oswa pwa kase. ½ tas egal 1 ons ranplasman pou vyann pou bwat konsè v rekonstitiye. Pou sa ki prepare lakay yo, itilize kantite pwa kase, pwa oswa lantiy ki nan resèt la pou kalkile pòsyon ki ap jwenn kredi a. |
| Bè abaz Soja | Bè abaz soja ki fèt apati 100% nwa soja yo se yon pòsyon ki gen kredi. Li se yon bon ranplasman pou manba pistach pou moun ki fè alèji avèk pistach yo. CACFP rekòmande pou yo bay bè abaz soja a melanje avèk lòt vyann/ranplasman pou vyann etandone gwosè pòsyon bè abaz soja a poukont li kapab twòp pou timoun yo. |
| Surimi | Gade yon Etikèt Child Nutrition (CN) oswa yon Deklarasyon Fòmil Pwouvi (PFS). Si pa gen yon Etikèt CN oswa PFS ki disponib, 3 ons surimi egal 1 ons vyann/ranplasman pou vyann. |
| Tahini | Yon pat ki fèt avèk grenn sezam ki moulen. Gade: Manba ki Fèt ak Nwa epi Grenn. |
| Tanpe | Yo bay kredi pou tanpe senp sèlman si li gen engredyan yo otorize ki vin apre yo ladan li: soja (oswa lòt legim), dlo, tanpe, vinèg, asezònan oswa zèb awomatik. Tanpri note sa, pwouvi sa yo kapab gen sodyòm ak grès yo ajoute. 1 ons tanpe ki senp = 1 ons ranplasman pou vyann. Yo bay kredi pou tanpe ki melanje avèk lòt konpozan alimantè sèlman lè gen yon Etikèt CN oswa PFS ki soutni li. |
| Tofou | Yo fè tofou avèk soja. Yo bay kredi pou li antanke yon ranplasman pou vyann. Sepandan, yo pa kapab bay kredi pou tofou yo ajoute nan bwason (tankou esmouti), oswa yo ajoute nan pla pou amelyore konsistans (tankou desè ki kuit nan fou), pami egzijans modèl repa a. |
| Ton, Bwat Konsè v | Chwazi ton ki gen yon tikras sodyòm, ki kondisyon nan dlo. |
| Kodenn, Mèg | Kuit vyann kodenn nan sou griy oswa nan fou san pou a. Chwazi vyann kodenn rache ki mèg omwen a 90%. |
| Yogout, Baton oswa Tib | Yo bay kredi pou li pou vyann ak kolasyon lè li pa gen plis pase 23 gram sik pou 6 ons. De (2) tib (oswa 4 ons) yogout egal 1 ons ranplasman pou vyann. |
| Yogout | Yo bay kredi pou li pou vyann ak kolasyon. Li kapab senp, li kapab gen gou yo ajoute, dous oswa pa dous, men li pa kapab gen plis pase 23 gram sik pou 6 ons, 4 ons yogout egal 1 ons ranplasman pou vyann. |

Vyann/Ranplasman pou Vyann



SA KI PA REKÒMANDE MEN KI OTORIZE ANTANKE VYANN/RANPLASMAN POU VYANN

Yo bay kredi pou lis aliman ki anba a men yo pa rekòmande yo. Yo pa dwe bay vyann ki transfòme yo plis pase yon fwa pa semèn akoz yo chaje ak grès epi sèl.

| Atik Alimantè | Kòmantè |
|--|--|
| Aliman nan Bwat Konsè v oswa Konjele | Men kèk egzanp: ragou vyann bèf, borito, chili, bouyon vyann, pizta, tout (pot pies) oswa ravyoli. Yo konte aliman sa yo sèlman si yo gen etikèt CN. Verifye etikèt CN nan pou gwosè pòsyon ki kòrèk. An jeneral, kalite aliman melanje epi ki transfòme sa yo konn gen anpil grès ak sèl pase aliman ki prepare lakay yo. |
| Asyèt Anglèz (Luncheon Meats) | Li pa kapab gen sou-pwodui, sereyal oswa lòt pwodui ajoute. |
| Bekonn abaz Kodenn | Yo bay kredi sèlman lè gen yon Etikèt CN oswa PFS ki soutni li. Li chaje ak sodyòm epi grès. |
| Bekonn Kanadyen | 1 liv (16 ons) ap bay 11 pòsyon vyann kuit. |
| Fwa Bèt | Fwa yo chaje ak kolestewòl epi grès. |
| Fwomaj, Natirèl, Regilye | Men kèk egzanp: Ameriken, Brick, Cheddar, Colby, Monterey Jack, Mozzarella, Muenster, Provolone oswa Swiss. Yon pòsyon 1 ons fwomaj natirèl egal yon pòsyon 1 ons ranplasman pou vyann. Akoz fwomaj yo gen anpil grès, yo pa rekòmande pou yo bay li plis pase yon fwa pa semèn sof si li gen yon tikras grès. |
| Fwomaj Ricotta, Lèt Antye | Yon pòsyon ki gen ¼ tas egal 1 ons ranplasman pou vyann. |
| Galèt Jamayiken (Jamaican Beef Patties) | Yo bay kredi sèlman pou vyann bèf la. Yo bay kredi sèlman lè gen yon Etikèt CN oswa PFS ki soutni li. Li chaje ak sèl epi grès. |
| Makawoni ak Fwomaj, Ki Prepare Lakay | Yo kapab konte fwomaj yo itilize nan resèt ki prepare lakay yo pami egzijans ranplasman pou vyann nan. |
| Nògèt abaz Poul | Yo bay kredi sèlman pou vyann poul la. Si gen etikèt CN, verifye etikèt la pou ou jwenn gwosè pòsyon ki kòrèk la. Si li pa gen yon etikèt CN, 2 ons nògèt abaz poul egal 1 ons vyann. Yo konte nògèt abaz poul yo pami konpozan vyann/ranplasman pou vyann ak manje angren ki nan repa a lè pòsyon an double. |
| Òtdòg | Gade: Sosis nan Baton. |
| Pizta, Ki Prepare Lakay | Yo kapab bay kredi pou pizta ki prepare lakay sou baz kantite vyann/ ranplasman pou vyann ki gen nan chak pòsyon. |
| Pwason nan Baton/Nògèt abaz Pwason/Gato abaz Pwason | Gade: Nògèt abaz Poul. |
| Pwodwi abaz Vyann Prese/nan Po | Li dwe 100% vyann oswa li dwe gen pwodwi pwoteyin ranplasman (APP) kòm sèl pwodwi ki ajoute oswa alonje. Li chaje ak sèl epi grès. |
| Ren Bèt | Ren yo chaje ak kolestewòl epi grès. |

Vyann/Ranplasman pou Vyann



SA KI PA REKÒMANDE MEN KI OTORIZE ANTANKE VYANN/RANPLASMAN POU VYANN

Yo bay kredi pou lis aliman ki anba a men yo pa rekòmande yo. Yo pa dwe bay vyann ki transfòme yo plis pase yon fwa pa semèn akòz yo chaje ak grès epi sèl.

| Atik Alimantè | Kòmantè |
|--|--|
| Sosis, Vrak, Kòd oswa Galèt san wete Polonè ak Vyèn | Yo pa kapab gen sou-pwodui vyann, sou-pwodui bèt volay, sereyal, pwodwi ki ajoute oswa alonje. Yo pa kapab gen plis pase 50% grès detache. |
| Sosis abaz Fwa (Liverwurst) | Li pa kapab gen pwodwi ki ajoute oswa alonje. |
| Sosis Frankfurters, Vyann ak Bèt Volay | Gade: Sosis nan Baton. |
| Sosis nan Baton, Sosis Frankfurters, Ôtdòg | Li dwe 100% vyann oswa li dwe gen pwodwi pwoteyin ranplasman (APP) kòm sèl pwodwi ki ajoute oswa alonje. Li chaje ak sèl epi grès. |
| Tout (Pot Pies), Ki Prepare Lakay | Yo kapab bay kredi pou tout (Pot Pies) ki prepare lakay sou baz kantite vyann/ranplasman pou vyann ki gen nan chak pòsyon. |
| Trip | Pwoteyin fèb kalite. |
| Vyann, Bèt Volay ak Fwidmè Seche ak Demi Seche ki Konsève Anpil Tan | Yo bay kredi sèlman lè gen yon Etikèt CN oswa PFS ki soutni li. Pwodui sa yo chaje ak sodyòm yo ajoute epi yo kapab chaje grès tou. |
| Vyann Bèf nan Konsèv (Corned Beef) | |
| Zèl Kodenn | Ou dwe sèvi yon pwa 5 ons ki kuit pou li bay 1.5 ons vyann kodenn. |
| Zèl Poul | Ou dwe sèvi yon pwa 6 ons ki kuit pou li bay 1.5 ons vyann. |
| Ze Mimoza (Deviled Eggs) | Li chaje ak kolestewòl epi grès. Olye pou ou prepare li avèk mayonèz, eseye yon varyete pat ki mou ki gen yon tikras grès. Gade: Ze. |

Vyann/Ranplasman pou Vyann



SA YO PA OTORIZE ANTANKE VYANN/RANPLASMAN POU VYANN

Yo pa bay kredi pou lis aliman ki anba a.
Yo pa kapab konte aliman sa yo pami egzijans Modèl Repa CACFP yo.

| | |
|--|--|
| Acorns (Nwa) | Makawoni ak Fwomaj, nan Bwat |
| Aliman abaz Fwomaj/Fwomaj pou Bere (Velveeta, Cheese Whiz, Pimento Cheese) | Pepewoni |
| Bègè abaz Soja oswa Lòt Pwodwi Soja (Gade: Apenndis C.) | Pitza, Komèsyal Yo kapab konte pòsyon pat la kòm yon konpozan Manje Angren/Pen. (Gade: Aliman nan Bwat Konsè v oswa Konjele.) |
| Bekonn/Imitasyon Bekonn | Pwason, yo Kenbe Lakay |
| Chatenye (Chestnuts) | Pwodwi abaz Fwomaj (Kèk Fwomaj Ameriken) |
| Chitterlings | Pwodwi Yogout (Yogout Konjele, Yogout pou Bwè, Ba Yogout, Yogout ki Kouvri Fwi oswa Nwa) |
| Fwomaj Pamezan | Pye, Zo Kou oswa Ke Kochon |
| Fwomaj Romano | Ravyoli (Gade: Aliman nan Bwat Konsè v oswa Konjele.) |
| Imitasyon Fwomaj | Scrapple |
| Imitasyon Sosis Frankfurters | Soup, Preparasyon Komèsyal (Lòt ki pa Pwa Kase, Pwa oswa Lantiy) |
| Jarèt Kochon | Tout (Pot Pies), Komèsyal (Gade: Aliman nan Bwat Konsè v oswa Konjele.) |
| Jibye/Volay Sovaj | Vyann bèt yo touye lakay ak Nenpòt Vyann USDA pa enspekte |
| Ke Bèf | Vyann Kochon Sale |
| Krèm Fwomaj ak Fwomaj Neufchatel | |

Manje Tibebe



CACFP egzije pou tout sèvis gadri lajounen adomisil yo ak sant sèvis gadri timoun ki ap patisipe yo, bay tout tibebe ki enskri nan gadri yo yon repa si timoun nan la nan gadri a pandan moman repa a. Yo dwe bay lèt manman oswa lèt atifisyèl ki rich ak fè (oswa yon melanj toulede) nan tout repa ak kolasyon yo ap bay tibebe rive laj ennan yo. Lèt manman se pi bon chwa a epi yo rekòmande pou bay tibebe yo lèt manman rive jis nan premye anivèsè yo. Pou tibebe ki ap bwè lèt atifisyèl yo, etablisman gadri timoun yo dwe bay omwen yon lèt atifisyèl ki rich ak fè ki kapab konble bezwen youn oswa plis tibebe nan gadri a.

Akademi Pedyatri Ameriken (American Academy of Pediatrics) rekòmande pou manman yo bay tibebe yo tete sèlman pandan premye sis (6) mwa nan lavi yo, epi pou yo kontinye ba yo tete rive jis 12 mwa ak plis. Etablisman gadri timoun yo jwe yon wòl enpòtan nan ankouraje manman yo bay tete. Yo kapab:

- ankouraje manman yo fè apwovizyonman lèt pou tibebe yo
- ofri manman ki vin nan gadri lajounen an yon kote ki kalm, ki prive pou yo bay tibebe yo tete

Pou plis ankouraje manman yo bay tete, yo otorize ranbousman pou repa lè yon manman vini nan gadri adomisil lajounen an oswa nan sant la epi li al bay tibebe li a tete dirèkteman.

Yo klase tibebe yo nan de (2) gwoup laj: 0 jiska 5 mwa epi 6 mwa pou rive nan premye anivèsè nesans yo. Yo bay lèt manman epi/oswa lèt atifisyèl pou timoun soti 0 jiska 5 mwa yo. Yo kapab kòmanse ba yo aliman ki solid yo lè yo gen anviwon 6 mwa si tibebe a devlope ase. Yo dwe toujou pran desizyon pou bay aliman byen presi yo avèk paran oswa responsab legal tibebe a.

Modèl Repa CACFP pou Tibebe a itilize yon seri ranje pou gwosè pòsyon yo (pa egzanp, 0-2 kiyè legim) pou pèmèt gen fleksibilite nan kalite ak kantite aliman yo dwe bay tibebe yo lè yo ap reklame ranbousman.

- Yon kantite ki montre 0 kiyè (Tbsp.) vle di pwodui sa a se yon posibilite si tibebe a poko devlope ase pou aliman sa a
- Li vle di tou yo kapab bay mwens pase 1 kiyè.

Aliman ki solid yo obligatwa sèlman pou tibebe ki gen 6 mwa rive nan premye anivèsè yo, lè yo devlope ase pou aksepte yo. Yo rekòmande alimantasyon sou demann yo paske gen kèk tibebe ki kapab gen apeti ki piti. Kantite yo endike nan modèl repa a se pòsyon minimòm yo. Tibebe yo kapab bezwen manje chak de (2) èdtan, oswa pi souvan toujou, epi yo kapab manje mwens pase sa yo ofri yo. Aliman yo bay yo dwe gen estrikti ak konsistans ki apwopriye yo.

CACFP ap bay ranbousman pou repa ak kolasyon ki gen lèt manman oswa lèt atifisyèl ki rich ak fè sèlman, kit se responsab swen an oswa paran an ki bay li. Yonfwa yon paran fin mande pou yo bay tibebe li a aliman ki solid, paran an kapab bay sèlman yon konpozan nan yon repa yo bay ranbousman. Se kapab lèt manman/atifisyèl oswa yon aliman ki solid.



Egzijans

- Paran yo kapab mande responsab swen yo pou yo kontinye bay tibebe yo lèt manman apre premye anivèsè nesans yo. Lèt manman se yon lèt yo otorize kòm ranplasan pou timoun nenpòt laj nan CACFP.
- Yo kapab bay tibebe ki toujou bwè mwens pase kantite minimòm lèt manman oswa lèt atifisyèl chak fwa yo ap manje yo, yon pòsyon ki mwens pase kantite minimòm nan. Yo kapab bay lèt manman oswa lèt atifisyèl anplis nan yon lè ki pita si tibebe a toujou gangou.
- Yo kapab bay tibebe ki gen 6 mwa pou rive nan premye anivèsè nesans yo, yon legim oswa yon fwi, oswa toude, nan tout repa yo, san wete kolasyon yo, lè yo devlope ase pou aksepte yo.
- Yo dwe fè tout legim ak fwi tounen pire, oswa kraze yo oswa koupe pou yo jwenn konsistans ki apwopriye a selon sa timoun nan bezwen pou li devlope.
- Yo kapab bay tibebe ki gen 6 mwa pou rive nan premye anivèsè nesans yo sereyal pou dejene ki pare pou manje antanke yon manje angren nan kolasyon sèlman, lè yo devlope ase pou sa. Sereyal pou dejene yo pa kapab gen plis pase 6 gram sik pou chak ons seche.
- Yo kapab bay sereyal pou tibebe ki rich ak fè nan plas pen/crackers/sereyal pou dejene nan kolasyon yo, selon sa timoun nan bezwen pou li devlope epi selon abitud li genyen pou li manje.
- Yo otorize fwomaj, fwomaj kotaj, yogout ak ze konplè kòm ranplasan vyann pou tibebe ki gen 6 mwa epi ki pi gran yo.
- Yo pa dwe ba yo lèt bèf anvan yo gen 1 lane selon sa Akademi Pedyatri Ameriken an rekòmande.
- Yo pa dwe ba yo ji anvan yo gen 1 lane.
- Yo kapab ba yo lèt antye apati laj 1 lane.
- CACFP pèmèt yon peryòd tranzisyon 1 mwa pou timoun ki gen 12 mwa rive 13 mwa yo yon fason pou fasilite tranzisyon yo soti nan lèt atifisyèl pou tibebe oswa lèt manman pou ale nan lèt antye a. Li pa nesè pou gen yon deklarasyon medikal pandan peryòd tranzisyon sa a.

Manje Tibebe



Prekosyon:

- Pa janm kenbe yon bibon oswa bay yon tibebe bibon pandan li ap fè syès. Sa kapab lakoz li toufe, li gen kari dantè oswa enfeksyon nan zòrèy.
- Règleman Biwo Eta New York pou Sèvis Timoun ak Fanmi yo pa otorize yo chofe bibon ak aliman ki solid nan yon microwave. Li kapab pa byen chofe epi li boule bouch tibebe a.

Nòt Sou Ranplasman Aliman

Lè li nesèsè pou gen yon eksepsyon nan modèl repa a (tankou pòsyon lèt atifisyèl ki pa gen anpil fè fòtifye), founisè/sant la dwe kenbe yon deklarasyon ki soti nan men yon otorite medikal yo rekonèt, nan dosye li. Li dwe endike ranplasman aliman ki obligatwa a. Se apresa sèlman repa/kolasyon an ap kalifye pou ranbousman.

Pou plis enfòmasyon

Pou plis enfòmasyon sou devlopman tibebe, nitrisyon pou tibebe ak fason pou byen jere aliman yo, tanpri al gade *Alimantasyon pou tibebe nan kad Pwogram Alimantè nan Gadri pou Timoun ak Granmoun* USDA a sou sit entènèt ki vin apre a: <https://www.fns.usda.gov/tn/feeding-infants-child-and-adult-care-food-program>.

Deziyasyon CACFP Kòm Antite ki Ap Ankouraje Manman yo Bay Tete

Pwoteje, ankouraje epi soutni kesyon pou manman yo bay tete a se yon aspè nan sante piblik ki enpòtan anpil. Pwogram Swen pou Timoun ak Granmoun nan envite ou patisipe nan yon efò nasyonal pou soutni manman ki ap bay tete yo ak tibebe ki nan tete yo. Si ou vle pou yo deziye sant sèvis gadri oswa gadri lajounen adomisil pou timoun ou an kòm sant ki ap ankouraje manman yo bay tete, tanpri kontakte CACFP nan 1-800-942-3858 oswa ale sou <https://www.health.ny.gov/prevention/nutrition/cacfp/breastfeedingspon.htm>.



Manje Tibebe



ATIK ALIMANTÈ KI AKSEPTAB EPI YO REKÒMANDE POU TIBEBE, 6 MWA RIVE NAN PREMYE ANIVÈSÈ NESANS YO

Yo dwe prepare atik ki anba yo nan yon fòm ki ap pèmèt yon tibebe manje yo ak dwèt li san pwoblèm, sa ki ap diminye risk pou li toufe. Pa egzanp:

- Rache tòtiya ki mou yo fè yon pakèt ti mòso
- Kraze legim ak fwi ki mou epi ki mi (tankou zaboka, fig bannann ak pèch)
- Kuit epi kraze pòm, pwa (pears), pwa vèt oswa patat dous

MANJE ANGREN/PEN

Biskòt (Zwieback)

Biswit

Biswit pou Tibebe Ki ap Fè Dan

Crackers (Crackers ki gen Fòm Animal, Graham Crackers ki fèt san Siwo Myèl [Menm Nan Pwodui Boulanje yo, Siwo Myèl Kapab Gen Bakteri Ki Danjere Ki Kapab Lakòz yon Maladi Grav pou Tibebe], Matzo Crackers, Bonbon sèl)

Möfin Anglè

Pen (Fransè, Italyen, Sèg, Blan, Ble Konplè)

Pen Pita (Ble, Blan, Ble Konplè)

Sereyal abaz Avwàn Griye, Senp (Cheerios®)

Sereyal pou Tibebe ki Rich ak Fè

Ti Pen (Pòm detè, Ble, Blan, Ble Konplè)

Tòtiya Mou (Mayi, Ble)

FWI

Fig Bannann

Konpòt Pòm

Melon

Pèch

Prin

Pwa (Pears)

LEGIM (VEJETAB)

Bètrav

Joumou

Kawòt

Navè

Patat dous

Pwa Vèt

Tipwa

Zaboka

Zepina

VYANN/RANPLASMAN POU VYANN

Fwomaj

Fwomaj Kotaj

Tipwa Sèch, Tipwa, oswa Lantiy

Vyann Mèg, Volay oswa Pwason

Ze (Konplè)

Manje Tibebe



REKÒMANDE ANTANKE MANJE TIBEBE

| Atik Alimantè | Kòmantè |
|--|--|
| Biswit pou Tibebe Ki ap Fè Dan | Nan KOLASYON SÈLMAN pou tibebe 6 mwa oswa plis ki devlope ase yo. Yo konte li kòm yon manje angren/pen. |
| Crackers | Nan KOLASYON SÈLMAN pou tibebe 6 mwa oswa plis ki devlope ase yo. Yo konte li kòm yon manje angren/pen. Men kèk egzanp: Club Crackers, Goldfish, Matzo, Melba Toast, Oyster Crackers, Ritz Crackers, RyKrisp, Saltines, Sociables, Wasa oswa Crispbread. Li pa dwe gen grenn, nwa oswa grenn sereyal konplè pou diminye risk pou tibebe yo toufe. |
| Fwi | Yo dwe bay tibebe ki gen 6 mwa oswa plis ki devlope ase yo yon legim oswa yon fwi, oswa toude, nan dejene, repa midi, soupe ak kolasyon. Fwi pou tibebe ki se preparasyon komèsyal yo dwe se fwi yo endike kòm premye engredyan sou etikèt la. Fwi yo kapab bezwen koupe, kraze, pire, epi/oswa kuit pou diminye risk pou tibebe yo toufe. |
| Fwomaj | Yo konte yo kòm yon vyann/ranplasman pou vyann. Yo kapab bay tibebe ki gen 6 mwa oswa plis ki devlope ase yo manje li. Men kèk egzanp: fwomaj natirèl tankou Cheddar, Colby, Monterey Jack oswa Mozzarella. |
| Fwomaj Kotaj | Yo konte yo kòm yon vyann/ranplasman pou vyann. Yo kapab bay tibebe ki gen 6 mwa oswa plis ki devlope ase yo manje li. |
| Grenn | Yo kapab bay tibebe ki gen 6 mwa oswa plis ki devlope ase yo manje li. Kòm egzanp gen pen, crackers, ak sereyal ki pare pou manje. |
| Legim (Vejetab) | Yo dwe bay tibebe ki gen 6 mwa oswa plis ki devlope ase yo yon legim oswa yon fwi, oswa toude, nan dejene, repa midi, soupe ak kolasyon. Yo dwe prepare legim ki fre, konjele oswa ki nan bwat konsèv yo (kuit, si sa nesèsè). Legim pou tibebe ki se preparasyon komèsyal yo dwe se legim yo endike kòm premye engredyan sou etikèt la. Legim kri yo kapab lakoz tibebe yo toufe. |
| Lèt Atifisyèl abaz Soja | Gade: Lèt Atifisyèl pou Tibebe. |
| Lèt Atifisyèl pou Tibebe (San Wete sa ki abaz Soja) | Yo dwe respekte definisyon Administrasyon Manje ak Medikaman an (FDA) bay pou lèt atifisyèl ki rich ak fè pou tibebe yo. Etikèt la dwe make “avèk fè” oswa “rich ak fè”. Selon sa Akademi Pedyatri Ameriken a rekòmande, nan premye ane lavi yon tibebe, sèl altènatif ki akseptab pou lèt manman se lèt atifisyèl pou tibebe ki rich ak fè yo, epi yo pa dwe itilize lèt atifisyèl ki pa gen anpil fè. Li obligatwa pou gen yon deklarasyon medikal yon fason pou yo bay lèt atifisyèl ki pa respekte definisyon FDA bay pou li rich ak fè a. |
| Lèt Manman | Chofe sou fou oswa anba dlo cho ki ap koule. Pa janm chofe li nan yon microwave. |
| Manje Tibebe, Ki Prepare Lakay | Evite ajoute sèl, grès, sik ak lòt asezònman. |
| Manje Tibebe, Preparasyon Komèsyal | Gade: Legim, Fwi, oswa Vyann |

Manje Tibebe



REKÒMANDE ANTANKE MANJE TIBEBE

| Atik Alimantè | Kòmantè |
|--|--|
| Pen | Nan KOLASYON SÈLMAN pou tibebe 6 mwa oswa plis ki devlope ase yo. Yo dwe se grenn konplè ki rich oswa ki anrichi. Men kèk egzanp: pen bajèl, Fransè, Italyen, sèg, blan oswa ble konplè. |
| Pwason | Yo konte yo kòm yon vyann/ranplasman pou vyann. Kòm egzanp gen èglefen oswa mori. Byen verifye pwason yo epi retire zo yo. Bay li sèlman apre yo kòmanse bay li san pwoblèm, lè tibebe a gen anviwon 6 mwa oswa plis. Evite reken, espadon, makorèl wayal oswa pwason til akoz gen posibilite pou yo gen anpil mèki. |
| Sereyal, Pare Pou Manje | KOLASYON SÈLMAN. Yo konte li kòm yon manje angren/pen. Yo kapab bay tibebe ki gen anviwon 6 mwa epi ki pi gran ki devlope ase yo sereyal ki pare pou manje nan kolasyon. Sereyal yo pa kapab gen plis pase 6 gram sik pa ons ki seche. Men kèk egzanp: Cheerios, Kix, Puffed Rice. |
| Sereyal pou Tibebe, ki Rich ak Fè | Premye Sereyal pou Tibebe. Chwazi sereyal senp pou tibebe ki rich ak fè tankou diri, lòj, avwàn ak sereyal melanje. Yo kapab bay li nan dejene, manje midi, soupe ak kolasyon. |
| Tipwa, Bwat Konsèw oswa Sèch | Yo konte pwa kuit, ki sèch oswa ki nan bwat konsèw yo kòm ranplasman pou vyann pou timoun ki gen 6 mwa oswa plis ki devlope ase yo. Yo dwe prepare pwa sèch oswa tipwa ki nan bwat konsèw yo selon konsistans ki apwopriye a (kraze oswa pire) pou tibebe yo. Men kèk egzanp: pwa wouj, pinto, blan ak nwa. Yo konte pwa vèt oswa jòn yo kòm legim, men pa kòm ranplasman pou vyann. |
| Vyann | Yo kapab bay tibebe ki gen anviwon 6 mwa oswa plis ki devlope ase yo vyann nan dejene, repa midi oswa soupe. Chwazi vyann senp, ki mèg, pwason ak bèt volay. Vyann pou tibebe ki se preparasyon komèsyal yo dwe se vyann yo endike kòm premye engredyan sou etikèt la. |
| Yogout | Yo konte yo kòm yon vyann/ranplasman pou vyann. Yo kapab bay tibebe ki gen anviwon 6 mwa oswa plis ki devlope ase yo vyann nan dejene, repa midi oswa soupe. Li pa dwe gen plis pase 23 gram sik pou 6 ons. |
| Ze (Konplè) | Yo konte yo kòm yon vyann/ranplasman pou vyann. Yo kapab bay tibebe ki gen 6 mwa oswa plis ki devlope ase yo manje li. Yo dwe mete tout ze yo nan frijidè fason ki apwopriye a, lave yo avèk dlo, epi byen kuit yo (pa bay ze ak sòs oswa mou) pou evite Salmonella. |

Manje Tibebe



SA YO PA OTORIZE ANTANKE MANJE TIBEBE

Yo pa bay kredi pou lis aliman ki anba a.
Aliman sa yo pa konte pami egzijans Modèl Repa CACFP yo.

| Atik Alimantè | Kòmantè |
|---|--|
| Aliman abaz Fwomaj | Aliman abaz fwomaj yo chaje ak sodyòm ak yon tikras eleman nitritif. |
| Aliman pou Tibebe, Dine Konbine ki se Preparasyon Komèsyal | Men kèk egzanp: dine vyann/legim, dine vyann oswa dine dezidrate. Yo pa kapab detèmine kantite vyann, fwi oswa legim yo. Souvan se dlo ki premye engredyan an. |
| Baton Vyann | Yo kapab lakoz tibebe yo toufe. Yo pa fèt pou tibebe. |
| Bè Lèt (Buttermilk) | Yo pa dwe bay tibebe li. |
| Bonbon, Gato | Yo pa bay kredi pou desè abaz grenn yo pou tibebe yo. |
| Chokola | Yo kapab lakoz reyaksyon alèjik. |
| Desè, Manje Tibebe | Gade: Manje Tibebe, Desè. |
| Dine Konbine, Aliman pou Tibebe ki se Preparasyon Kòmèsyal | Gade: Aliman pou Tibebe, Dine Konbine ki se Preparasyon Komèsyal |
| Fwomaj pou Bere | Fwomaj pou Bere yo chaje ak sodyòm ak yon tikras eleman ni-tritif. |
| Half and Half | |
| Ji Fwi | Pa bay ji anvan laj ennan (1 lane). |
| Ji Legim | Gade: Ji Fwi. |
| Ji Legim/Fwi Melanje | Gade: Ji Fwi. |
| Krèm | |
| Kristase | Kristase yo kapab lakoz kèk tibebe fè yon reyaksyon alèjik ki grav. |
| Lèt, Antye, Grès redui (2%), Tikras grès (1%), oswa San grès (Ekreme) | Akademi Pedyatri Ameriken an pa rekòmande pou yo bay tibebe ki poko gen 1 lane yo lèt bèf. Lèt bèf kapab fè yon presyon sou ren tibebe a, li kapab lakoz reyaksyon alèjik epi lakoz yo pèdi san pa mwayen entesten yo, sa ki kapab lakoz yo fè anemi akòz karans fè. Akademi Pedyatri Ameriken an rekòmande pou tibebe yo bwè lèt manman epi/oswa lèt atifisyèl pou tibebe ki rich ak fè pandan premye ane lavi yo. Eksepsyon Medikal: Nan dosye a, dwe gen yon deklarasyon ki siyen ki soti nan men yon otorite medikal yo rekonèt. |
| Lèt Anpoud, Rekonstitiye | |
| Lèt Atifisyèl pou Tibebe, ki gen Tikras Fè (Abaz Soja Ladan li) | Yo bay kredi sèlman pou lèt atifisyèl ki rich ak fè. Eksepsyon Medikal: Nan dosye a, dwe gen yon deklarasyon siyen yon otorite medikal yo rekonèt voye. |



SA YO PA OTORIZE ANTANKE MANJE TIBEBE

Yo pa bay kredi pou lis aliman ki anba a.
Yo pa kapab konte aliman sa yo pami egzijans Modèl Repa CACFP yo.

| Atik Alimantè | Kòmantè |
|--|---|
| Lèt Atifisyèl pou Tibebe, Sa ki Fabrike Andeyò Etazini | |
| Lèt Atifisyèl pou Tibebe, Suivi | Eksepsyon Medikal: Yo kapab bay tibebe ki gen 6 mwa oswa plis yo li sèlman si nan dosye a gen yon deklarasyon siyen yon otorite medikal yo rekonèt voye. |
| Lèt Evapore | Eksepsyon medikal: Nan dosye a, dwe gen yon deklarasyon ki siyen ki soti nan men yon otorite medikal yo rekonèt. |
| Manba Pistach oswa Lòt Manba ki Fèt ak Nwa epi Grenn | Yo kapab lakoz tibebe yo toufe. Yo pa fèt pou tibebe. |
| Manje Tibebe, Desè | Men kèk egzanp: poudin pou tibebe, krèm anglèz (custards) pou tibebe, koblè pou tibebe oswa desè fwi pou tibebe. Pa 100% fwi. Yo souvan chaje ak sik, grès ak yon tikras eleman nitritif. |
| Manje Tibebe, Konsè v ki Lakay | Yo pa bay kredi pou yo akoz gen risk pou entoksikasyon alimantè. |
| Manje Tibebe, Poudin | Li chaje ak sik ak grès, epi li gen yon tikras eleman nitritif. |
| Nògèt abaz Poul | Ladan yo gen pwodui poul pane oswa yo tranpe nan pat pou fri ki se preparasyon komèsyal yo. |
| Nwa | Yo kapab lakoz tibebe yo toufe. Yo pa fèt pou tibebe. |
| Òtdòg | Yo kapab lakoz tibebe yo toufe. Yo pa fèt pou tibebe. |
| Poudin, Manje Tibebe | Gade: Manje Tibebe, Poudin. |
| Pwason nan Baton | Pami yo gen pwason ak fwidmè pane oswa yo tranpe nan pat pou fri ki se preparasyon komèsyal. |
| Sereyal pou Tibebe, nan Bokal, avèk Fwi oswa San Fwi | |
| Sereyal pou Tibebe, Seche, ak Fwi | Li difisil pou yo detèmine kantite sereyal ak kantite fwi yo. |
| Siwo Myèl | Yo pa dwe bay tibebe ki poko gen 1 lane siwo myèl (san wete siwo myèl kuit oswa ki kuit nan pwodui tankou crackers graham abaz siwo myèl yo). Pafwa, konn gen bakteri Clostridium botu-lism ki kontamine siwo myèl yo. Si yon tibebe vale bakteri sa yo, yo kapab pwodui yon toksin ki kapab pwovoque yon entoksikasyon alimantè ki rele botilis tibe-be. |
| Sosis | Yo kapab lakoz tibebe yo toufe. Yo pa fèt pou tibebe. |
| Soufle, Fwi ak Legim | Kèk egzanp se Gerber Graduates Lil' Crunchies, Gerber Graduates Wagon Wheels, ak lòt pwodui menm jan an pou kolasyon. |

Manje Tibebe



Kesyon ak Repons sou Manje tibebe

K: Ki pi bon fason pou mwen kòmanse bay manje ki solid?

R: Ou kapab kòmanse bay manje ki solid lè tibebe a gen anviwon 6 mwa si li devlope ase pou sa. Kòmanse bay manje ki solid yo tikras pa tikras, bay yon aliman alafwa sou plizyè jou. Yo dwe toujou pran desizyon pou bay aliman byen presi yo ansanm ak paran oswa responsab legal tibebe a.

K: Kijan nou kapab konnen si yon tibebe devlope ase pou yo ba li manje ki solid?

R: Tibebe ki devlope ase pou ba yo manje ki solid yo ap montre sa nan siy ki vin apre yo:

- Li chita sou yon chèz epi li kontwòle tèt li byen
- Li ouvri bouch li pou li manje
- Li deplase manje ki nan yon kiyè pou mete nan gòj li
- Li double pwa nesans li

K: Èske nou kapab bay tibebe ki poko gen 6 mwa yo manje ki solid?

R: Wi, yo bay ranbousman pou repa ki gen aliman ki solid yo lè tibebe a devlope ase pou li aksepte yo, pami yo gen tibebe ki poko gen 6 mwa yo. Kòm yon bon pratik, yo rekòmande pou paran oswa responsab legal la voye yon nòt alekri pou di yo kapab bay tibebe li a manje ki solid.

K: Si yon tibebe pa fini minimòm pòsyon lèt manman oswa lèt atifisyèl ki obligatwa yo te ba li a, èske yo ap toujou bay ranbousman pou repa a?

R: Wi, depi yo kontinye bay tibebe a minimòm pòsyon lèt manman oswa lèt atifisyèl la, yo ap bay ranbousman pou repa a. Pou tibebe ki toujou bwè mwens pase kantite minimòm lèt manman oswa lèt atifisyèl chak fwa yo ap manje yo, yo kapab ba yo yon pòsyon ki pi piti pase kantite minimòm nan. Yo kapab bay lèt manman oswa lèt atifisyèl anplis nan yon lè ki pita si tibebe a toujou grangou. Tibebe yo pa manje selon yon orè presi epi yo pa dwe fòse yo manje. Olye sa, yo dwe ba yo manje nan moman ki koresponn avèk abitud yo genyen pou manje. Sa rive souvan pou tibebe ki bwè lèt manman yo manje ti kantite chak fwa yo ap manje.

K: Èske paran oswa responsab legal yo kapab bay nenpòt manje pou tibebe yo?

R: Wi, men paran oswa responsab legal yo kapab bay sèlman youn nan konpozan yo nan yon repa yo bay ranbousman.

K: Kijan pou nou jere paran ki bay lèt manman/lèt atifisyèl epitou ki vle pote aliman pou tibebe yo?

R: Paran yo gen dwa pou yo chwazi ki aliman yo ap bay pitit yo. Founisè nan sant yo ak gadri adomisil lajounen yo kapab reklame ranbousman sèlman pou yon repa oswa kolasyon lè se sèlman yon konpozan paran/responsab legal la bay. Nan sitiasyon kote paran/responsab legal la chwazi bay plis pase yon (1) konpozan, founisè nan sant lan/gadri adomisil lajounen an dwe retire repa a oswa kolasyon an nan ranbousman an.

K: Si yon doktè preskri lèt bèf pou yon tibebe ki poko gen 12 mwa, èske yo ap bay ranbousman pou repa a?

R: Wi, yo kapab bay lèt bèf nan plas lèt manman epi/oswa lèt atifisyèl pou timoun epi li ap antre nan ranbousman pou repa a, si:

- Demann nan mache ak yon deklarasyon medikal ki siyen, yon doktè ki gen lisans oswa yon pwofesyonèl medikal ki gen lisans Eta a ki gen otorizasyon pou ekri preskripsyon medikal, voye.
- Deklarasyon medikal la eksplike nesite pou ranplasman an
- Sant lan oswa gadri adomisil lajounen an ap kenbe deklarasyon medikal la nan dosye yo

K: Èske gen obligasyon pou yo bay tibebe yo aliman ki rich ak grenn konplè?

R: Non, kondisyon pou bay omwen yon aliman ki rich ak grenn konplè pa jou a obligatwa sèlman sou baz modèl repa timoun ak granmoun CACFP a.

K: Èske yo otorize yogout abaz soja nan modèl repa tibebe a?

R: Non. Yo otorize yogout abaz soja sèlman kòm yon ranplasman pou vyann nan modèl repa timoun ak granmoun nan.



Egzijans pou Dlo

Tout pwogram ki ap patisipe nan CACFP yo dwe bay timoun yo dlo epi yo dwe mete dlo disponib pou timoun yo pandan tout jounen an.

Dlo kapab ede timoun yo rete idrate, epi li se yon bon ranplasan pou bwason ki dous epi ki gen sik yo. Sant gadri timoun yo ak gadri adomisil lajounen yo kapab mete dlo disponib pou timoun yo yon pakèt fason, tankou:

- mete kèps toupre tiyo dlo a
- mete po dlo ak kèps sou yon kontwa oswa yon tab
- bay dlo pandan kolasyon yo
- ba yo dlo lè yo mande

Yon bon moman pou ba yo dlo pi souvan, kapab se pandan oswa apre aktivite fizik yo, pandan jounen chalè nan sezon ete yo, oswa nan mwa ivè ki frèt yo kote lè a pi sèk akoz anndan kay yo fè cho.

Menmsi yo dwe mete dlo potab disponib pou timoun yo pandan moman repa yo, yo pa oblije ba yo dlo anvan ak repa a. Dlo pa antre nan ranbousman pou repa a epi yo pa dwe bay dlo nan plas lèt.

Pa gen obligasyon pou kesyon dlo pou granmoun yo. Sepandan, yo ankouraje sant gadri pou granmoun yo pou asire yo gen dlo pou bwè epi ki disponib pou granmoun ki ap patisipe yo pandan tout jounen an.



Apenndis A: Egzanp Meni



| DEJENE | LENDI | MADI | MÈKREDI | JEDI | VANDREDI |
|----------------------------|--------------------------------|-------------------------------|---------------------------|---------------------------------|---------------------------|
| Lèt | Lèt 1% grès oswa San grès | Lèt 1% grès oswa San grès | Lèt 1% grès oswa San grès | Lèt 1% grès oswa San grès | Lèt 1% grès oswa San grès |
| Legim oswa Fwi | Pòm Rache | Mitil | Pèch | Franbwaz | Patat Dous Griye ki Kraze |
| Manje Angren/Pen | Avwàn | Bajèl Ble Konplè | Gof | Wheat Chex (WGR) | |
| Vyann/Ranplasman pou Vyann | | Ze Fri (Omlèt) | | | Ze Bwouye |
| MANJE MIDI/SOUBE | LENDI | MADI | MÈKREDI | JEDI | VANDREDI |
| Lèt | Lèt 1% grès oswa San grès | Lèt 1% grès oswa San grès | Lèt 1% grès oswa San grès | Lèt 1% grès oswa San grès | Lèt 1% grès oswa San grès |
| Legim (Vejetab) | Pwa Vèt | Salad Jadinyè | Pire Pòm detè | Kouj Pistach (Butternut Squash) | Kawòt Sote |
| Fwi oswa Legim | Prin | Melon Kantaloup | Seriz | Tranch Pwa (Pear) Fre | Pwa Wouj |
| Manje Angren/Pen | Pen Ble Konplè (WGR) | Diri Konplè (WGR) | Ti Pen Ble Konplè (WGR) | Ragou Lòj | Tòtiya Mayi Konplè (WGR) |
| Vyann/Ranplasman pou Vyann | Sandwich Kodenn Cho | Filè Mori | Pwatin Poul | Bèf Woti | Tofou Chili |
| KOLASYON | LENDI | MADI | MÈKREDI | JEDI | VANDREDI |
| Lèt | | | | | |
| Legim (Vejetab) | | Bwokoli ak Flè Chouflè | | Tranch Konkonm | Bout Seleri |
| Fwi | Frèz | | | | |
| Manje Angren/Pen | | | Bout Pretzèl | Crackers Grenn Konplè (WGR) | |
| Vyann/Ranplasman pou Vyann | Yogout Vaniy ki Gen Tiras Grès | Fwomaj Kotaj Ranch Pou Tranpe | Kib Fwomaj Cheda | | Salad Ton (Pwason) |

Apenndis B: Analiz Resèt



Esponsò CACFP yo dwe asire yo tout repa yo bay yo respekte modèl repa CACFP yo. Tout resèt yo itilize yo dwe bay prèv ki montre yo bay yon kantite ki sifi nan konpozan modèl repa ki gen kredi a. Gid Acha Alimantè pou Pwogram Nitrisyon Timoun USDA a se yon zouti enpòtan pou detèmine kontribisyon aliman yo pami egzijans modèl repa yo.

Pou pla ki prepare lakay yo, yo dwe itilize yon resèt estanda pou asire yo gen yon kantite ki ase nan chak konpozan nan modèl repa CACFP planifye epi li bay yo. Pa egzanp, pou respekte egzijans vyann/ranplasman pou vyann ak manje angren/pen pou timoun ki gen 3-5 lane yo, yon resèt makawoni ak fwomaj nan kaswòl dwe bay prèv ki montre chak pòsyon bay 1½ ons fwomaj ak ¼ tas pat alimantè ki kuit.

Makawoni ak Fwomaj

Dapre "Meals Without Squeals" pa Christine Berman, MPH, RD & Jack Fromer

Engredyan:

8 ons makawoni seche oswa lòt pat alimantè ½ kiyè poud moutad
 2 tas lèt ki gen yon tikras lèt ¼ kiyè paprika
 1½ kiyè amidon 12 ons fwomaj Cheddar rape, graje
 ¾ kiyè sèl 2 powo (zonyon vèt), pati vèt la sèlman, rache li piti anpil (pa obligatwa)
 ¼ kiyè pwav

Etap:

1. Kuit makawoni an. Pandan makawoni an ap kuit, melanje lèt la ak engredyan seche yo nan yon bokal epi byen sekwe li.
2. Lè makawoni an lage, vide dlo a epi mete li nan kaswòl la ankò.
3. Ajoute lèt ki melanje a epi brase li tou dousman pandan li sou yon ti dife jiskaske sòs la fin epè.
4. Ajoute fwomaj ak powo oswa siboulèt si ou vle, brase li jiskaske li fonn, epi bay li.

Etap

1. Site konpozan CACFP ki gen nan resèt la.
2. Gade nan Gid Acha Alimantè USDA a pou ou detèmine kantite pòsyon ki soti nan chak konpozan. Sèvi gwoès pòsyon ki apwopriye pou laj timoun ki sou kont ou an.
3. Kantite pòsyon yo ap detèmine ki konpozan yo dwe limite plis. Nan egzanp ki anba a, fwomaj la se konpozan yo dwe plis limite a.
4. Yo kapab oblije modifiye yon resèt pou ogmante kantite vyann/ranplasman pou vyann ki nan resèt la pou diminye gwoès total pòsyon pou timoun piti yo.

Echantiyon Analiz Resèt

| Engredyan Konpozan yo | Makawoni fòm Koud | Fwomaj Sharp Cheddar |
|-----------------------------|--|---|
| Kantite | 8 ons (seche) | 12 ons |
| Vyann/ Ranplasman pou Vyann | Okenn | 8 (1½ ons pòsyon) oswa 6 (2 ons pòsyon) |
| Legim/Fwi | Okenn | Okenn |
| Manje Angren/Pen | 19* ons grenn ekivalan oswa 9 ons grenn ekivalan | Okenn |

*Gid Acha Alimantè

Kòmantè

1. Yo pa kapab bay kredi pou lèt yo itilize nan resèt sa a pou nenpòt konpozan alimantè. Lèt obligatwa nan repa yo, ni nan bwason.
2. Powo yo pa kontribiye nan minimòm ⅓ tas pou chak pòsyon an, donk yo pa konsidere li kòm yon konpozan.
3. Pou detèmine gwoès pòsyon an, mezire volim total la epi divize li pa 8 pou 1½ ons pòsyon fwomaj (3-5 lane) oswa pa 6 pou 2 ons pòsyon fwomaj (6 lane oswa plis).
4. Konpozan ki dwe plis limite nan resèt sa a se fwomaj la. Yo detèmine kantite total pòsyon nan resèt la grasa kantite pòsyon fwomaj la.

Konpozan pou Repa ki nan Resèt sa a

RANNMAN:

- 3-5 lane: 8 pòsyon;
 chak pòsyon = 1 ranplasman pou vyann ak 2 manje angren/pen
- 6 lane oswa plis: 6 pòsyon;
 chak pòsyon = 1 ranplasman pou vyann ak 1.5 manje angren/pen

Apenndis C: Ranplasman Vyann pou Planifye Meni Vejetaryen

- Nan ranplasman pou vyann yo gen fwomaj, ze, pwa sèch ki kuit, nwa, grenn ak manba ki fèt ak nwa epi grenn.
- Nwa ak grenn yo kapab ranpli sèlman ½ nan egzijans ranplasman pou vyann nan repa midi ak soupe.
- Yo dwe bay yon raplasman pou vyann anplis avèk nwa ak grenn nan manje midi ak soupe.
- Nwa, grenn ak manba ki fèt ak nwa yo kapab ranpli tout egzijans ranplasman pou vyann yo nan kolasyon.
- Yo kapab bay kredi pou pwa sèch kòm yon ranplasman pou vyann, oswa kòm yon legim/fwi, men pa kòm toude nan men repa a.
- Yo bay kredi pou tofou. Yo pa bay kredi pou pifò bègè abaz soja ak bègè vejetaryen yo.



Adapte apati Making Nutrition Count for Children, USDA

Apenndis D: Prevansyon kont Etoufman



Timoun piti, ki gen ant 1 a 3 lane yo, gen risk pou yo toufe nan manje. Toujou gen risk la jiskaske yo kapab moulen epi vale byen, anviwon lè yo gen 4 lane.

Toujou suiv timoun yo pandan repa yo ak kolasyon yo po asire ou yo:

- Chita an silans.
- Ap manje dousman.
- Byen moulen manje a anvan yo vale li.
- Pran sèlman yon moso alafwa.
- Fin vale manje a anvan yo kite tab la.

Prepare aliman yo yon fason ki fasil pou yo moulen:

- Koupe aliman yo fè ti moso oswa ti tranch.
- Koupe aliman ki won, tankou òtdòg yo, fè yo fè ti tranch ki long.
- Retire tout zo ki nan pwason, poul ak vyann yo.
- Kuit aliman tankou kawòt oswa seleri yo jiskaske yo vin yon ti jan mou. Apresa koupe yo fè ti bout.
- Retire grenn ak nwayo ki nan fwi yo.
- Bere ak yon tikras manba pistach.

Aliman Ki Kapab Lakoz Etoufman

Aliman ki solid, mou, oswa glise tankou:

- Òt dòg won
- Kawòt won
- Sirèt ki di
- Gwo mòso fwi
- Granola
- Pistach
- Rezen antye
- Seriz ak tout grenn
- Ti tomat

Aliman ki piti, sèch, oswa ki di ki difisil pou moulen epi ki fasil pou vale, tankou:

- Pòpkòn
- Ti mòso kawòt kri, seleri oswa lòt legim kri ki di
- Nwa ak grenn
- Pòm detè ak tchips mayi
- Bretzèl

Aliman ki konn kole oswa ki di, ki pa kapab kase fasil:

- Kiyè oswa bout manba pistach oswa lòt manba ki fèt ak nwa oswa grenn
- Bout vyann
- Gimov
- Rezen ak lòt fwi seche

Risk pou Toufe

< 6 mwa

Pa bay sereyal nan bibon

0-1 lane

Pa bay:

- Nwa (san wete manba pistach)
- Chips, bretzèl, pòpkòn
- Kawòt kri
- Salad melanje
- Fwi ak legim kri, sof si yo modifiye yo an mòso ¼-pous AVAN yo bay li
- Gwo moso vyann oswa vyann filandrez, sof si yo modifiye yo an mòso ¼-pous AVAN yo bay li



¼ pous

1-3 lane

Pa bay:

- Òtdòg oswa sosis won
- Rezen antye
- Seriz oswa ti tomat antye
- Nwa
- Pòpkòn
- Kawòt won ki kri
- Legim kri, si yo modifiye yo an mòso ½-pous AVAN yo bay li
- Fwi seche, tankou rezen
- Gimov
- Gwo moso vyann oswa vyann filandrez, sof si yo modifiye yo an mòso ½-pous AVAN yo bay li



½ pous

Responsablite Manm Pèsonèl Klas la

- Yo dwe bay tibebe yo aliman ki solid sèlman pandan yo chita.
- Toujou veye timoun yo pandan yo ap manje.
- Ensiste pou timoun yo manje pandan yo kalm epi pandan yo chita.
- Ankouraje timoun yo pou yo byen moulen manje yo.
- Asire w ou bay aliman yo nan gwo sè ki apwopriye pou timoun yo moulen epi vale yo.

Responsablite Sèvis Manje

- Okenn zo oswa po
- Retire tout nwayo fwi yo anvan nou voye li nan sal klas la

Apenndis E: Ranplasman Lèt









- Règleman CACFP egzije pou yo bay lèt nan chak dejene, repa midi ak soupe. Yo kapab bay timoun ak granmoun ki pa kapab bwè lèt bèf akòz pwoblèm medikal oswa lòt rejim alimantè espesyal yo lèt ranplasman nan plas lèt.
- Lèt ranplasman yo dwe gen menm eleman nitritif yo jwenn nan lèt bèf la, jan sa parèt nan tablo anba a.

| Nitriman | Chak Tas 8-Ons |
|--------------|----------------|
| Kalsyòm | 276 mg* |
| Pwoteyin | 8 g* |
| Vitamin A | 500 IU* |
| Vitamin D | 100 IU* |
| Manyezyòm | 24 mg* |
| Fosfò | 222 mg* |
| Potasyòm | 349 mg* |
| Riboflavin | 0.44 mg* |
| Vitamin B-12 | 1.1 mcg* |

*mg = miligram; g = gram; IU = inite entènasyonal; mcg = mikwogram

- Lèt ranplasman ki anba yo respekte egzijans estanda nasyonal pou lèt ranplasman ki apwouve yo:

| | | | | | | |
|----------------------|---|---|---|--|---|---|
| Pwodwi yo |  |  |  |  |  |  |
| Non Pwodui an | 8th Continent Soy milk | Silk Soy milk | Sunrich Naturals Soy milk | Westsoy Organic Plus Soy milk | Pearl Organic Smart Soy milk | Great Value Soy milk |
| Gou | Orijinal ak Vaniy | Orijinal | Senp ak Vaniy | Senp ak Vaniy | Orijinal, Krèm Vaniy ak Chokola | Orijinal |

*Tanpri sonje sa: Nou jwenn enfòmasyon sa yo sou sit entènèt fabrikan yo. Tanpri verifiye etikèt nitrisyon ki sou anbalaj la pandan ou ap achte yo.

- Lèt ranplasman yo bay timoun ki gen ant 1 ak 5 lane yo pa dwe gen gou ajoute.
- Pa gen obligasyon pou lèt ranplasman yo gen tikras grès oswa pa gen grès ditou lè yo ap bay timoun ki gen 2 lane oswa plis yo ak granmoun yo.
- Paran oswa responsab legal yo kapab mande lèt ranplasman alekri, san yo pa bay yon deklarasyon medikal.
- Yon deklarasyon medikal obligatwa sèlman pou lèt ranplasman ki pa respekte estanda nitrisyonèl lèt bèf la. Se yon otorite medikal Eta a epi yo rekonèt ki dwe siyen deklarasyon medikal la.

Apenndis F: Fason pou Idantifye Grenn Konplè yo



Enfòmasyon Debaz sou Grenn yo

Yo divize grenn yo an de (2) gwoup: grenn konplè ak grenn rafine.

- Grenn konplè yo gen tout pati ki nan grenn nan (son, jèm ak andospèm) epi yo bay plis eleman nitritif, san wete fib, vitamin B ak mineral.
- Grenn rafine yo manke youn (1) oswa plizyè nan twa (3) pati prensipal yo (son, jèm, oswa andospèm), epi yo gen mwens pwoteyin, fib, ak vitamin. Grenn ki pi rafine yo anrichi tou. Sa vle di gen kèk vitamin ak kèk mineral ki ajoute apre yo fin fè transfòmasyon an.

| Grenn Konplè |
|--|
| Amarant |
| Avwàn (San Wete Ansyen flokon Avwàn, ki Kuit Rapid, epi Yon sèl kou) |
| Bè Ble |
| Ble Konkase oswa Boulgou |
| Ble Kraze |
| Ble Nwa (Buckwheat) |
| Diri Konplè |
| Diri Sovaj (Zizanya) |
| Farin Avwàn |
| Farin Ble |
| Farin Ble Di Konplè |
| Farin Ble Konplè |
| Farin Ble Konplè Bwomat |
| Farin Ble Nwa |
| Farin Dirik Konplè |
| Farin Graham |
| Farin Mayi abaz Grenn Konplè |
| Kinowa |
| Lòj Grenn Konplè |
| Mayi Masa/Masa Harina |
| Pat Alimantè abaz Ble Konplè |
| Pitimi oswa Flokon Pitimi |
| Repa Mayi abaz Grenn Konplè |
| Sèg Konplè oswa Bè Sèg |
| Teff |
| Tritikal |

| Rafine (Ki pa Grenn Konplè) |
|-----------------------------------|
| Diri Anrichi |
| Diri Blan Grenn Long |
| Farim Bwomat |
| Farina |
| Farin Anrichi |
| Farin Anrichi ki Parèt Poukont li |
| Farin Blan |
| Farin Ble Anrichi |
| Farin Ble Di |
| Farin Ble ki Parèt Poukont li |
| Farin Dirik |
| Farin Enstantane |
| Farin Fosfat |
| Farin Gato |
| Farin ki Pa Blanch |
| Farin Konplè |
| Farin Mayi |
| Farin Pen |
| Farin pou Tout itilizasyon |
| Farin Pwodui ki Parèt Poukont li |
| Grit Mayi |
| Lòj Moulèn oswa Netwaye |
| Repa Mayi |

Bay grenn konplè depi sa posib. Achte, prepare epi bay aliman ki gen yon grenn konplè kòm premye engredyan ki nan lis engredyan an.

Endèks



| | | | | | | | | | |
|-------------------------------------|------------------------------------|---|--|------------------------------|---|--|--|--|--|
| A | | | | | | | | | |
| Acorns (Nwa) | 39 | Crackers | 24, 25, 26, 28, 29, 30, 40, 42, 43, 44, 49 | Gerber® Mini Fruits | 17 | Kònichon | 19 | | |
| Aliman abaz Fwomaj | 5, 32, 39, 45 | Crackers ki gen Fòm Animal | 29, 42 | Gerber® Mini Vegetables | 17 | Konpòt Pòm | 15, 42 | | |
| Aliman nan Bwat Konsèw oswa Konjele | 14, 37, 39 | | | Gid Acha Alimantè | 2, 20, 50 | Konsèw | 18 | | |
| Asyèt Anglèz (Luncheon Meats) | 38 | D | | Gof | 21, 28, 49 | Kool Aid® | 18 | | |
| Avwàn | 16, 20, 22, 26, 27, 31, 43, 49, 54 | Devlope ase | 4, 40, 43, 44, 47 | Gof pou Sandwich Krèm Glase | 31 | Kouskous | 24 | | |
| | | Diri | 17, 20, 21, 22, 24, 27, 28, 43, 49, 54 | Goldfish® | 25, 43 | Krèm | 11, 45 | | |
| B | | Diri Sovaj (Zizanya) | 28, 54 | Graham Crackers | 29, 42, 45 | Krèm Anglèz (Custards) | 11, 46 | | |
| Ba abaz Grenn Fwi | 31 | Dlo | 3, 5, 8, 15, 17, 21, 25, 36, 43, 46, 48 | Grenn | 2, 5, 9, 16, 18, 20, 21, 22, 23, 24, 25, 26, 27, 28, 29, 30, 31, 32, 37, 39, 40, 42, 43, 44, 45, 47, 49, 50, 54 | Krèm Fwomaj | 31, 39 | | |
| Ba Granola | 20, 21, 31 | Donòt | 20, 31 | Grenn (Seeds) | 26, 27, 31, 32, 33, 34, 35, 36, 43, 46, 51, 52, | Krèm Glase | 11 18, 31 | | |
| Ba Ji Fwi ki konjele | 15 | Doritos® | 31 | Grenn (Konplè) | 5, 20, 21, 22, 23, 24, 25, 26, 27, 29, 30, 47, 49, 54 | Krèm Si | 11 | | |
| Ba Sereyal Diri | 31 | Dressings | 23, 25, 28 | Grenn Konplè ki Rich | 5, 20, 21, 24, 43, 47 | Krèp | 25 | | |
| Ba Sereyal ki gen Gou Fwi | 31 | | | Grit | 25, 54 | Krèp (Pancakes) | 21, 26 | | |
| Bagèt Pen Pèdi | 29 | E | | | | Krèp Pòm-detè | 15, 31 | | |
| Bajèl | 23, 43, 49 | Egzijans ak Rekòmandasyon pou | | | | Kristase | 33, 36, 46 | | |
| Baton Vyann | 46 | Modèl Repa | 4, 5 | H | | Kwasan | 29 | | |
| Bè | 13, 15, 17, 49 | Esmouti | 8, 9, 16, 32, 36 | Half and Half | 11, 45 | Kwouton | 29 | | |
| Bè abaz Soja | 36 | Espageti | 20 | Hushpuppies | 30 | | | | |
| Bè Ble | 28, 54 | Etikèt CN | 6, 14, 21, 34, 36, 37, 38 | | | L | | | |
| Bè lèt | 9, 45 | | | | | Labouyi | 27 | | |
| Bègè abaz Soja | 39, 51 | F | | | | Lanmidon Mayi | 31 | | |
| Bekonn | 37, 38, 39 | Falafel | 35 | | | Lantiy | 15, 16, 35, 36, 39, 42 | | |
| Bekonn abaz Kodenn | 38 | Farin Nwa oswa Grenn | 31 | I | | Lefse | 26 | | |
| Bekonn Kanadyen | 37 | Fèy Vèt | 13, 14, 15, 16 | Imitasyon Bekonn | 39 | Legim | 5, 15, 32, 35, 36 | | |
| Benyè ki fèt ak Zonyon | 19 | Fèy Wonton (Won Ton Wrappers) | 28 | Imitasyon Fwomaj | 32, 34, 35, 39 | Legim (Vejetab) | 2, 3, 4, 6, 8, 9, 12, 13, 14, 15, 16, 17, 18, 19, 31, 32, 35, 40, 42, 43, 44, 46, 49, 50, 51, 52 | | |
| Biskòt (Zwieback) | 42 | Fig Newtons® | 31 | Imitasyon Lèt | 11 | Legim Melanje | 13, 14 | | |
| Biswit | 23, 31, 42, 44 | Frit | 17 | Imitasyon Sosis Frankfurters | 39 | Legim Seche | 14 | | |
| Biswit abaz Arrowroot | 31 | Fritos® | 31 | | | Lèt | 2, 4, 7, 8, 9, 10, 11, 12, 16, 25, 32, 38, 40, 43, 45, 46, 47, 48, 49, 50, 53 | | |
| Biswit pou Tibebe Ki ap Fè Dan | 42, 44 | Fruit Gushers® | 18 | J | | Lèt ak Grès Redui (2%) | 11, 46 | | |
| Ble Konkase | 23, 54 | Fwa (Bèt) | 37 | Jarèt Kochon | 39 | Lèt Anpoud ki pa Gen Grès | 11 | | |
| Bolonèz | 32 | Fwi | 2, 3, 4, 5, 8, 9, 12, 13, 14, 15, 16, 17, 18, 19, 31, 34, 39, 40, 42, 43, 44, 45, 46, 49, 50, 51, 52 | Jele | 18 | Lèt Antye | 4, 7, 9, 38, 40 | | |
| Bonbon | 5, 18, 20, 31, 45 | Fwi Crisps | 17 | Jell-O® Salad | 18 | Lèt Atifisyèl pou Tibebe | 40, 44, 46, 47 | | |
| Bonbon Fig | 18 | Fwi ki Kouvri ak Yogout | 19, 39 | Jèm | 21, 25, 54 | Lèt Chokola | 10 | | |
| Bonbon Rezen ak Avwàn | 31 | Fwi Koblè | 17 | Ji Fwi | 45 | Lèt Diri | 11 | | |
| Bonbon Sèl | 24, 28, 42, 43 | Fwi pou Kolasyon | 18 | Ji Fwi Melanje | 15, 46 | Lèt Ekreme | 4, 7, 8, 9, 10, 32, 46 | | |
| Borito | 37 | Fwi Seche | 13, 14, 15, 52 | Ji krannbèri Melanje | 15 | Lèt Evapore | 11, 45 | | |
| Boulèt (Dumplings) | 25 | Fwidmè | 36, 38, 45 | Ji Legim Melanje | 13, 16, 46 | Lèt Glase | 11 | | |
| Boulgou | 23, 54 | Fwomaj | 5, 11, 12, 16, 19, 29, 31, 32, 34, 35, 36, 37, 38, 39, 40, 42, 43, 45, 49, 50, 51 | Ji Melanje | 16, 46 | Lèt Kabrit | 11 | | |
| Bretzèl | 27, 31, 49, 52 | Fwomaj Fèmeye | 35 | Ji Sitwon Vèt | 18 | Lèt Kakawo | 10 | | |
| Bwason yo Ajoute Fwi pou Ba li Gou | 18 | Fwomaj Kotaj | 5, 32, 34, 36, 40, 42, 43, 49 | Jibyè Sovaj | 39 | Lèt ki gen Asid | 9 | | |
| | | Fwomaj Neufchatel | 39 | | | Lèt ki Gen Gou Ajoute | 4, 7, 8, 10 | | |
| C | | Fwomaj Pamezan | 39 | K | | Lèt ki Gen Laktoz Redwi | 8, 9 | | |
| Chapeli | 20, 21 | Fwomaj Pimento | 32, 39 | Kacha | 25 | Lèt ki Gen yon Tikras Grès (1%) | 4, 7, 8, 9, 10, 46, 49 | | |
| Chatenye (Chestnuts) | 32, 39 | Fwomaj pou Bere | 5, 32, 39, 45 | Kakawo Cho | 10 | Lèt ki nan Tanperati ki Wo Anpil (UHT) | 9 | | |
| Chatenye Dlo (Water Chestnuts) | 16 | Fwomaj Ricotta | 36, 38 | Kanèlboul (Cinnamon Rolls) | 31 | Lèt ki pa Gen Grès | 9 | | |
| Cheerios® | 22, 42, 43 | Fwomaj Romano | 39 | Kat-Kat (Pound Cakes) | 31 | Lèt ki Pa Gen Laktoz | 9 | | |
| Cheese Nips® | 29 | | | Ke Bèf | 39 | Lèt Kiltive | 9 | | |
| Cheetos® | 31 | G | | Ke Kochon | 39 | Lèt Kokoye | 11 | | |
| Cheez Doodles® | 31 | Galèt Jamayiken (Jamaican Beef Patties) | 37 | Ketchòp (Sòs Tomat) | 18 | Lèt Manman | 5, 40, 43, 44, 46, 47 | | |
| Cheez-It® | 29 | Gato | 18, 20, 31, 45 | Kich | 35 | Lèt san Grès | 4, 7, 8, 9, 10, 46, 49 | | |
| Chili | 14, 37, 49 | Gato abaz Pwason | 37 | Kinowa | 27, 54 | Lèt Soja | 8, 9, 53 | | |
| Chips Ahoy® | 31 | Gato Chokola | 20, 31 | Knockwurst | 32 | Lèt Soja (Soybean Milk) | 9 | | |
| Chitterling | 39 | Gato Diri | 27 | Kodenn | 32, 33, 36, 38, 49 | Lèt yo Ajoute Lèt Poul Ladan li | 10 | | |
| Chokola | 10, 18, 31, 45, 53 | Gato Kafè | 31 | Kokiy Krèm Soufe | 31 | Lèt Zanmann | 11 | | |
| Chokola Cho | 10 | Gato Pòpkòn | 31 | Kokiy Tako | 20, 30 | Lèt, Likid | 9 | | |
| Choson (Turnovers) | 31 | | | Kokoye | 17, 32 | Limonad | 18 | | |
| Chou | 16 | | | Kòktèl Fwi | 14 | Lòj | 23, 43, 49, 54 | | |
| Club Crackers® | 24, 43 | | | Kòktèl Ji Krannbèri | 18 | Lorna Doone® | 31 | | |
| Congee | 24 | | | Kònè Krèm Glase | 31 | | | | |
| | | | | Konfiti | 5, 18 | | | | |
| | | | | Konfiti Pòm | 18 | | | | |

Swiv nou sou:
health.ny.gov
facebook.com/nysdoh
twitter.com/healthnygov
youtube.com/nysdoh

